

## ***Pi Gwo Batay Ki Te Janm Fèt***

**62-0311**

***Branham Tabènak, Jeffersonville, Indiana, Etazini***

Mèsi fr Orman. Seyè a beni w.

2 Bonjou zanmi. Tèlman kontan pou m isit la ankò maten an, e sa on tijan inatandi, pou mwen, mwen kwè, e mwen sèten se sa li ye pou kongregasyon an. Mwen te jis ap li epi...Mèsi, sè. Seyè a sanble mete yon ti kichòy sou kè m, pou pote bay Legliz, e m te panse se te tan pou m te fè l. E kounye a sa a...

3 Kan m te rive, alòske mwen pat konnen nou t ap isit la dimanch sa, mwen te anonse ke m gen yon–yon Mesaj pou Legliz. E mwen vle, si se volonte Bondye, pote Mesaj sa dimanch pwochen. E sa ap pran yon longè tan, konsa, li pwobab nou pap soti anvan midi trant, inè, petèt, si se nan lè sa. Sa te sou kè m depi lontan, e m panse mwen dwe piblik la yon repons poukisa mwen pat aktif nan chan an. Mwen te preche otou de sa, men mwen sèten sa pat janm soti kòrèkteman jan l ta dwe ye. Kifè m panse, si Seyè a vle, dimanch pwochen, mwen senpleman vle pran san m pou etale, rezon an ak poukisa, epi fè nou konnen dapre Lèzekriti, kisa k ap fèt, ou wè, jis poukisa tout bagay sa yo. Paske, li pwobab pou m ale lòtbò dlo oswa yon kote touswit apre. Kounye a m ap tann pou m wè ki direksyon Li pral di m pou m pran. Dènye...

4 Apeprè twa nwit, oswa de nwit pase, mwen te resevwa yon apèl, li te preske minwi; sete pou priye pou yon dam ki te lopital. Yo te rele m, pou di “Priye.” Mwen bliye ki non yo te ban mwen, ke.... yo di se te yon zanmi madan James Bell, sè nou an ki isit la nan legliz la, yon sè nwa, trè fidèl, yon dam de byen. Mwen kwè non an se te Shepherd, ke yo te ban mwen. Lè sa mwen te desann kabann mwen epi mwen mete m ajenou, e–e m te di madanm mwen. Son telefòn nan, te reveye l. Mwen te di : “Nou dwe priye pou madan Shepherd, yon sè te rele, se yon zanmi madan James Bell,” kifè nou te priye pou li, epi nou te retounen nan kabann.

5 E apres a vè dis oswa onzè nan demen, mwen te jwenn yon apèl ankò. Se te Billy. E li te di, se pat madan Sepherd, se te madan Bell, limenm, pa zanmi madan Bell la. “Sete madan Bell, li lopital, malad seryezman.” Mwen te kouri al lopital, men li te gentan pati. Seyè a te rele madan Bell, Lakay.

6 Madan Bell te yon manm fidèl isi a nan legliz la pandan dè zane. Mari li, James ak mwen, te travay ansanm ak papa m, plizyè lane pase, aleksteryè, ap poze fil.... nou te konn poze fil sa yo, soti Pennsylvanie, antre nan izin Colgate isit la sa fè plizyè lane pase, mwen kwè trant lane de sa oswa plis. E nou renmen Sè Bell. Li te yon moun ekstraòdinè.

7 Dapre sa m konprann manzè te sibi yon gwo atak vesikil bil li e yo...Doktè li, ki te okouran de ka a trè byen, te aleksteryè vil la nan moman sa. E yon nouvo doktè te vini pou egzamine l, epi–epi li te rekòmande yon operasyon ijan, e li pa t janm reyisi sa. E–e li te...mwen panse ...Fason m konprann li, ke doktè regilye li patap rekòmande operasyon an–an, poutèt li te twò gwo epi vesikil bil li pa t bon menm. E li te gen pyè, mwen kwè,

oswa yon bagay ladann, e—e Seyè a te konn gen pitye. Li te konn gen atak sa yo anvan e Seyè a te konn okipe L de sa, anpil fwa. Men sa te jis bay ke...Ebyen, si nou ta rapòte sa kòm sa dwatèt, nou t ap di sa a: Bondye te fè apèl a Sè Bell, e se mwayen sa sa te pran, ou wè.

8 Kouman L te fè manke...nouvèl la te vin jwenn mwen, m te panse ke se te Madan...Madan Shepherd. Mwen pa t konn Madan Shepherd. Dam lan ka isit la, maten an, e petèt ke mwen konnen l si m wè figi l. Men, yo te di se te Madan Shepherd. Si tout sa te fèt fason sa, konsa si se...Si m te konnen ke se te Madan Bell ki te nan eta sa, mwen t ap pwobableman ale la pou entèsede pou li touswit. E la, ou wè, petèt, Bondye pa vle nou fè sa. Kifè, “Nou konnen ke tout bagay sa yo ap travay ansanm pou byen sila yo ki renmen Bondye.”

9 E mwen sèten ke sè Bell te renmen Seyè nou an. Li te yon bon madanm. Kounye a, li se youn nan nou. Isi a, nou pa gen prejije sou koulè po moun. Fanmi Bondye a pa gen prejije sou koulè. Ke nou wouj, mawon, nwa, oubyen jòn, blan, sa pa gen enpòtans. Kèlkeswa sa l ye a, nou se frè ak sè nan Kris. Se poutèt sa nou—nou renmen l. E n ap regrèt li, tabènak la. Ala m ap regrèt, gwo kout “amen”, sè Bell yo, dèyè a, nan kwen an. E lè m te konn pran l mennen l lakay, li te konn ap pale de Seyè Jezi.

10 E si m byen konprann, m pat janm konn sa jiska talè a, men mwen kwè antèman l ap fèt isi a nan legliz la. [ Frè Neville di : “Se sa.”—Editè a ] Madi sa k ap vin la a [“inè.”] inè. E mwen kwè se mwen menm avè w k ap fè sèvis fineray sa [“se sa”].

11 Bon nan asanble a, nou manke youn maten an. Pa respè pou Sè Bell nou an, annou kanpe jis yon moman, pandan n ap bese tèt nou.

12 Bondye lavi a, ki bay e ki pran lavi, tankou Jòb ansyen an te di : “Seyè a bay, Seyè a pran! Ke Non Seyè a beni.” Kèk ane de sa, Ou te voye sè Bell nan mitan nou, pou l te yon sitwayen menm jan ak nou, nan gwo kominote Bondye a. E nou di W mèsè pou enspirasyon li te ye nan mitan nou, ala li te renmen chante ak temwaye, epi tèlman ranpli ak Lespri jouk li te konn rele ak kriye fò. Epi li pa t janm wont Levanjil Jezikri la, paske pou li menm, Se te Pisans Bondye nan Sali a. Konsyan ke tan l te fini, epi moman an rive kote nou tout dwe reponn. Ou te pran l nan men nou, maten an, pou l al nan Prezans Ou. Paske, se vrèman sa, lè nou kite isi a, nou ale nan Prezans Bondye.

13 O Bondye, nou remèsye W pou tout bagay. Nou priye Ou va beni mari li, zanmi mwen, James; pitit gason l, pitit fi l yo, tout sila yo. Dapre sa nou konprann pitit gason l ap vwayaje sot an Almay, kite fòs ame yo, pou vin lakay, pou ofri dènye respè jan l kapab, sou tè a, a manman l ki pati. Ala fò kè jennòm sa dwe ap bat maten an. M priye pou li, Seyè. Bondye, beni li. Beni Jimmy, e ala li...Pou wè l ap travay deyò a la, anpil lè ak fatig, pou fè fanmi l viv. Mwen priye ke grann famiy sa pa separe, men ke motè machin fanmi an pa kraze nan Peyi sa lòt kote a.

14 Ke nou menm, Seyè, byen ajiste boukliye ak senti nou kounye a, on tijan pi sere, pou al nan batay kounye a, pou konbat ak youn an mwens ke sa te ye yon semèn de sa. Nou priye ke W va soutni epi fòtifye nou, ede nou pandan n ap kontinye, e yon jou ke nou tout ka rasanble ansanm ankò lòt kote a. Paske nou mande l lan Non Jezi. Amèn.

15 Kounye a ke nanm defen sè nou an repoze an pè. Mwen ta renmen di ke fineray li-li ap fèt isit la dimanch, oswa madi, e nou ta... Tout moun alèz pou vini. Mwen kwè Frè Neville la gen planifikasyon yo, ou genyen yo. Bon, jodi a, mwen jis...

16 Ou wè, pa gen anpil. Si te ka gen yon chèz kèkpa pou Frè ak Sè Slaughter dèyè a la. Mwen te jwenn apèl ou a, Sè Slaughter, e m t al priye pou...lòt Sè Slaughter a, Sè Jean Slaughter ki te gen jan de fyèl lapen sa, tilaremi. Se sèten li te yon ka trè serye de bagay sa, men nou fè Bondye konfyans ke l ap kòrèk.

17 Kounye a nou vle li yon Ekriti. E mwen vle jis anseye maten an, pou ap pran san m, paske depi lè m retounen, sot Arizona, ebyen, gòj mwen jis on tijan pa an eta.

18 Epi bon, dimanch pwochen, pa bliye, mwen kwè Billy deja voye envitasyon yo-yo. Se va yon sèvis k ap vrèman long, nou kwè, kifè fè posib ou pou vin bonè. Nou vle kòmanse, touswit apeprè bò nevè trant, oswa mwen vle di, dizè. E petèt, sonje, apeprè youn oswa yon-...petèt, jiska midi edmi, inè, yon bagay konsa, twa a katrè, oswa plis, mwen ta renmen pran, jis pran Lèzekriti. Vin ak kreyon papyè, pou m jis livre l. Si gen nenpòt kesyon, mande l-poze l, ou wè, petèt n ap ka eksplike l, n ap fè sa n kapab pou ede w.

19 Bon ann li kèk Ekriti, dabò, kounye a. Mwen gen twa kote nan Bib la, ke m ta renmen li. An premye youn nan yo, si w ta renmen make l, si w gen yon kreyon, mwen vle refere m, maten an, a plizyè tèks ke m ta...oswa plizyè Ekriti, pito, m ta renmen refere a yo. Premye a se va Premye Pyè 5:8-10, pi Efezyen 6:10-17, epi Danyèl 12:1-14. Kounye a, n ap pran san nou, pou ap li.

20 E tout moun an prensip chita. Kifè, gen kèk kanmenm ki kanpe, dèyè a sou kote. Men nou pral eseye pase atravè pi vit ke posib pou kite w soti, apres a nou pral priye pou malad.

21 Te gen yon ti dam ki te blayi la maten an, ki te trè malad. Dapre sa m konprann li te trè malad, yè. E mwen-mwen jis te vle l tandè maten an, dabò, anvan m te priye pou li. E m konn kondisyon ti dam lan. Li te trè malad, men nou gen yon Pè Selès vrèman ekstraòdinè Ki te fè plis ke konkeri tout maladi. E mwen gen yon-yon ti...

22 Mwen te mande Madan Wood si l ta vle li l, men li-li te yon tijan jennen pou-pou fè sa. Yon atik, kote yon doktè medikal te pran sezisman sèten. Alòske, li te yon kritik de gerizon Divin e li patap menm kite kiksésa pale de sa nan biwo l; e enfimiyè avè l la, tou. Kidonk, sa te bay ke, li te gen yon pasyan ki te yon ka kansè, yon gwo kansè. Li pat vle annafè ak sa, konsa li te voye l nan yon lòt klinik. Yo pat vle annafè ak sa laba, kifè yo te voye manzè tounen. Kidonk yo...O, se te nan sen l, se te yon kondisyon tèrib. E tout po a te manje. Kansè a, te desann rive nan sen an, nan zo kòt yo. Mwen kwè nou konprann sa m vle di a.

23 Yo te gen ti zanmi doktè nou ki sot La Nòvèj ki pami nou maten an.

24 E li te gen tout materyèl li prepare, paske li di li te konnen ke-ke manzè te bezwen l opere l pou retire sen an. E travay sa te pwovoke anpil san. Epi-epi li te gen tout pakè li yo, ak tout bagay. Enfimiyè a te prepare dam lan pou mennen l nan sal operasyon an, e la li te retounen pou pran enstriman yo pou...ke doktè a ta pral itilize avèk asistan l, pou

retire anlve sen an. Kidonk yo te gen sèvyèt ak bagay konsa etale sou li. E yo te kòmanse...

25 Kan I te kòmanse ap fè tou a, mari manzè te vle konnen si I te ka antre rete nan lòt bout sal la pou priye. Li te yon predikatè pèleren sentete. E li te chita la a kote pye kabann lan, ap priye. Natirèlman, doktè a pat tèlman satisfè ak sa, ou konnen, ak li anndan la. Men osi lontan ke li patap gade, ke sa patap atenn li, enben, "Mwen kwè ke se te annòd; li patap-patap pèdi konesans."

26 Kifè panan I te chita, ap priye, men yon bri zèl k ap bat nan pyès la. E doktè a te vire pou al...ak enstriman li, pou kòmanse retire sen an. Li te retire pakè sou pakè. Pat menm te gen yon sikatris sou sen an. Li te di, "Èske-èske li...Èske sa te soti? E li te kòmanse...Epi enfimya a te bay temwayaj li. Yo toulède te soti e yon te vin pannkotis, ranpli ak Sentespri, ap sèvi Seyè a. Pa menm yon sikatris!

27 Doktè Holbrook, limenm, te temwaye, li te di, "Yon minit anvan la, men dam lan-lan ki te etann la, ak enfimye a, epi gwo tonton kansè a sòti nèt deyò kite sen li. Epi yon minit pi ta, pat gen menm yon sikatris kote sa te soti a." Se youn nan doktè de byen isit la nan Etazini. Li te di ke li te konvenki la menm. E poutan, li te yon dyak nan yon legliz. Ou wè?

28 Ou wè, moun yo senpleman panse ke legliz se yon bagay pou jis ale, tankou se, "O, ou al la pou aprann vin bon moun, oswa yon bagay konsa." Se pa sa, zanmi. Non. Bondye se Bondye. Li senpleman osi bon jodi a ke L te ye, ke L te janm ye. E L ap toujou menm lan. E Li se yon...Nou jis renmen L.

29 Bon, kounye a nou vle li nan 1 Pyè, chapit 5, vèsè 8 a 10, pou kòmanse.

*Kenbe tèt nou anplas,...rete sou prigad nou; paske dyab la, lènmi nou an,...ap veye nou tankou yon lyon ki move, k'ap chache moun pou l' devore.*

<sup>9</sup>*Kanpe fèm nan...konfyans nou, kenbe tèt avè l', paske nou konnen lòt frè nou yo ki nan lemonn ap soufri menm soufrans ak nou.*

<sup>10</sup>*Men, apre n'a fin soufri yon ti tan, Bondye li menm va rann nou bon nèt, la kenbe nou fèm, la ban nou fòs, l'ap fè nou kanpe san brannen. Paske Bondye bay tout kalite favè. Se li menm ki te rele nou, gremesi Kris la, pou n' te patisipe nan pouvwa li ki p'ap janm fini.*

30 Ala lwanj pou Bondye! Kounye a nan Liv Efezyen an. Nou ta renmen al la nan Liv Efezyen, chapit 6 la, pou li vèsè 10 a 17, ke m te make.

<sup>10</sup>*Pou fini, frè m yo, chache fòs nou nan lavi n'ap mennen ansanm ak Seyè a, ak nan gwo pouvwa li.*

<sup>11</sup>*Pran mete sou nou tout kalite zam Bondye ban nou, pou nou ka kenbe tèt anba riz Satan.*

<sup>12</sup>*Paske se pa ak moun nou gen pou nou goumen, men se ak move lespri, ki nan syèl la, ak chèf, ak pouvwa, ak otorite k'ap gouvènen nan fènwa ki sou latè a—sou latè a.*

<sup>13</sup>*Se poutèt sa depi koulye a pran tout zam Bondye bay yo, konsa lè move jou a va rive n'a ka kenbe tèt ak lènmi an...lè batay la va fini nèt, n'a kanpe la byen fèm nan pozisyon nou toujou.*

<sup>14</sup> Pare kò nou: mare verite a tankou yon sentiwon nan ren nou,...pwoteje nou ak jistis Bondye a tankou plak pwotèj sòlda yo mete sou lestonmak yo pou pwoteje yo;

<sup>15</sup> Pou soulye nan pye nou, mete aktivite pou anonse bon nouvèl k'ap fè moun viv ak kè poze a;

<sup>16</sup> Anvan tout bagay,...pran konfyans nou gen nan Bondye a tankou yon defans ki va penmèt nou pare tout flèch Satan an ap voye tou limen sou nou.

<sup>17</sup> Resevwa pouvwa Bondye k'ap delivre nou an tankou yon kas an fè nan tèt nou, asepte pawòl Bondye a tankou yon nepe Sentespri a ban nou, ki se pawòl Bondye a:

31 Kounye a, nan Liv Danyèl, m ta renmen li kèk vèsè an plis. Bon, Danyèl chapit 12. Mwen vle kòmanse ak premye vèsè a, pou li yon–yon bèl longè nan pati sa, katòz vèsè.

<sup>1</sup> Zanj ki te gen rad swa sou li a, di ankò: -Lè sa a, Michèl, gwo zanj k'ap veye sou pèp ou a, ap parèt. Se pral yon tan kè sere moun poko janm wè depi yo sou latè. Lè lè a va rive, tout moun ki fè pati pèp ou a epi ki gen non yo ekri nan liv Bondye a, va sove.

<sup>2</sup> Anpil nan moun ki te mouri deja yo pral leve vivan ankò. Gen ladan yo ki pral jwi lavi ki p'ap janm fini an. Gen lòt ki pral wont, yo pral soufri avilisman ki p'ap janm fini an.

<sup>3</sup> Moun ki gen lespri yo pral klere tankou limyè nan syèl la. Moun ki te moutre jan pou moun mache dwat yo va klere tankou zetwal pou tout tan tout tan.

<sup>4</sup> Li di m' ankò: -Bon. Koulye a, Danyèl, fèmen liv la. Sele l' byen sele jouk lè a va rive pou tout bagay fini. Anpil moun pral bat kò yo pou yo konprann sa k'ap pase. Lè sa a, plis konesans pral gaye toupato sou latè.

<sup>5</sup> Mwen gade, mwen wè de lòt moun ki te kanpe bò larivyè a, yonn sou bò dwat, yonn sou bò gòch.

<sup>6</sup> Yonn ladan yo pale ak zanj ki te pi wo a, nan direksyon tèt dlo a, zanj ki te gen rad swa sou li a, li mande l': -Konbe tan ankò anvan pou gwo bagay sa yo rive?

<sup>7</sup> Zanj lan leve bra l' anlè nan syèl la, mwen tande li fè yon gwo sèman nan non Bondye vivan an, li di konsa: -Nan twazan si mwa, lè y'a fin kraze tout fòs pèp Bondye a, tout bagay sa yo va rive.

<sup>8</sup> Mwen tande sa l' te di a, men mwen pa t' konprann. Konsa, mwen mande l': -Men, mèt, ki jan sa ap fini menm?

<sup>9</sup> Li reponn mwen: -Danyèl monchè, ou mèt al fè wout ou, paske koze sa a fèt pou rete kache epi byen sele, jouk lè a va rive pou sa fini.

<sup>10</sup> Lè sa a, anpil moun pral pase anba soufrans yo te anonse a. Y'ap soti netwaye, lave, blanchi. Moun k'ap fè mechanste yo menm p'ap konprann anyen, y'ap toujou rete ap fè mechanste yo. Men, moun ki gen lespri ap konprann.

<sup>11</sup> Si ou konte depi lè yo va aboli ofrann bèt ki pou fèt chak jou a, pou yo mete bagay nou pa ta renmen wè a, bagay k'ap bay gwo lapenn lan, kanpe nan Tanp lan, w'ap jwenn mil desankatrevendis (1290) jou ki gen pou pase.

<sup>12</sup> Ala bon sa pral bon pou moun ki va kenbe fèm jouk mil twasantrannsenk (1.335) jou sa yo va fin pase!

<sup>13</sup> Ou menm, Danyèl, kenbe fèm jouk sa kaba. Apre sa, w'a mouri. Men, w'a leve vivan ankò pou resevwa rekonpans ou lè tout bagay va fini!

32 M ap rete drèt la. Mwen vle pran yon tèks, apati de la, si w ka rele sa yon tèks, pou abouti a konklizyon sa: *Pi Gwo Batay Ki Te Janm Fèt*. Se sa ke m vle itilize kòm tèks.

33 Bon, kijan m te fè rive gen sa kòm tèks pou maten an: Nou fèk retounen; kèk administratè, nan legliz isit la, avè m, nou t al Arizona. E nou te al la, franchman, pou fè yon reyinyon nan Phoenix, ak Frè Sharrit, nan tabènak li a. Men lè m te reyalize ke yon–yon frè te deja nan vil la, ap fè sèvis nan yon tant, ebyen, lè sa mwen te on tijan ezite pou

fè reyinyon. Mwen te panse fè sa nan dimanch apremidi, konsa pèsonn patap deranje nan legliz pa yo. Men, m te reyalize, ke I te gen sèvis dimanch apremidi, tou. Mwen te on–on tijan ap mande m konsènan fè yon sèvis.

34 Kidonk nou menm frè yo, olye pou n te pase tout jounen an, ap fè lachas, nou t al nan vil la, nou te prepare nou, epi nou t al asiste sèvis kay Frè Allen. Frè A. A. Allen te preche yon mesaj pwisan. Nou te gen yon–yon tan, yon bon tan, ap tandè Frè Allen, ap tandè chan espesyal yo–yo, e latriye, ala yo konn chante, epi rele fò, pou fè yon gwo sèvis.

35 Apresa nou te wè, sou tout wout la, men Seyè a. Tout kote n te ale, Seyè Jezi a te rankontre nou. E gen yon bagay konsènan lè w soti pou kont ou, deyò la nan dezè yo. Gen yon bagay konsènan sa, si w te janm pou kont ou fason sa, gen yon bagay ki atire w. Mwen kwè, se, rezon kifè m renmen plas deyò lwen sa yo. Ou elwaye w de pwisans lènmi an, menm jan nou genyen I isit la.

36 Yon demon prèske paka fè anyen sòf si I ka jwenn yon bagay pou I travay nan li. Li oblije...Nou sonje demon sa yo ke yo te chase soti nan Lejyon? Yo te gen...yo te vle fè plis mechanste, kifè yo te vle antre nan kochon yo. Konsa, demon yo dwe gen yon bagay pou ap travay ladann, yon moun pou ap travay atravè li.

37 E se fason sa Bondye fè, tou. Li dwe genyen nou. Li depann de nou, pou ap travay atravè nou.

38 Anpil moun te vini, ak sonj, pandan nou te nan vwayaj la. E Seyè Jezi a pa janm fayi bay entèpretasyon kòrèk la, e sa te jis sa, jis egzakteman fason sa.

39 Apresa Li te bon nou, pou ap dirije nou sou bèt lachas yo epi di nou ki kote yo te ye. E, nou konnen, jis pou n te la nan viwonn lan konsa, se senpleman mèveye. Chita an won, leswa, bò kot boukan dife a, byen lwen tout moun, a dè mil e dè mil de distans, pou ap obsève etensèl boukan dife a–a toutotou sèk an wòch sa yo. O, se te ekstraòdinè!

40 Yon frè la, ki te gen pwoblèm ak madanm li, ki te...Dè zane de sa, manzè te leve tèt li nan yon reyinyon, kote m te gen sèvis. E m te mande yo pou gade tèt yo bese; li te atrape yon movèz espri ki pat vle kite fanm lan–lan, sou estrad la. E dam lan, te jis pat gen respè, li te leve tèt li kanmenm. E espri a te kite fanm lan, sou estrad la, e I te ale nan li. E sa fè apeprè katòz an, e dam lan te nan yon kondisyon serye; sitèlman, ke menm mantalman, jouk li jis t ap fè dè bagay ki pa menm fè sans. Pa egzanp, kite pwòp mari I, pati al marye ak yon lòt gason pandan I ap viv ak mari I; pretann ke li pat konsyan li te fè sa. Kifè yo–yo te eseye egzamine I pou...Se kouman ou rele sa, lè w...Amnezi? Se...O la la, pe enpòt sa nou an ye a. Mwen kwè de se sa, doktè. Men se pat sa. Se te yon espri. E manzè...E dam lan te yon bon zanmi m. Men apati de nwit sa, ap kontinye, li pat vle wè m tout bon. Natirèlman, ou ka wè poukisa se te konsa.

41 Men apresa lè mari I te vini, epi li te mete I ajenou lan chanm lan pou priye, lè sa Sentespri a te desann. Se te fini. Alòs Li te parèt devan mari I jou swa sa, nan yon sonj. Li te retounen avèk yon sonj, li panse ke se te yon blag. Li te fini pa reyalize, ke se te repons menm pou gerizon madanm li. Ala trete Sentespri an te trete ak sa!

42 Pandan nou t ap desann al Tucson, avèk Frè Norman ak lòt yo, la Seyè a te kòmanse travay ankò ak gwo, kokenn bagay pwisan pou ap revele dè bagay.

43 Yon nwit, men sa ki te mennen m a konklizyon sa la, mwen te kanpe avèk Frè Wood ak Frè Sothmann. E nou te...Li te anviwon dizè di swa, e m t ap gade anlè nan syèl la, e yon gwo laperèz te anvayi m. M te di, "Jis gade! Tout gwo zafè, eleman selès sa yo!" Epi m te di, "Tout bagay pafètman ann amoni."

44 Frè Wood reponn, "Lè w ap gade de ti zetwal sitèlman pwòch ansanm, on dirè, sa sanble tankou yon limyè."

45 Mwen di, "Men, ou konnen, Frè Wood, dapre lasyans, Konstelasyon sa, Ti Ous la, Gran Ous la, zetwal sa yo pa sanble yo separe de de pous; e poutan yo pi elwaye youn de lòt ke nou ye de yo. E si yo ta kòmanse ap dirije yo sou tè a, sa t ap pran, ak vitès dè milye de mil a lè, sa t ap pran dè santèn e dè santèn dane pou yo ta atenn tè a." E mwen di, "Nan tout gwo, vas sistèm sa, poutan yo di nou ke yo obsève atravè teleskòp, yo ka wè a sanven milyon ane limyè, byen lwen laba; e ankò ou jwenn plizyè lalin ak zetwal. E—e, poutan, se Bondye ki fè yo chak. Li tabli nan mitan yo."

46 Mwen di, "Kèkpa anndan la, mwen te pwente nan direksyon m, yon lè nan yon tou obsèvasyon, men zodyak la; li kòmanse ak siy Vyèj la, an pasan pa Aj Kansè a, ap desann jiska dènve a ki se siy Lyon an, Leo siy Lyon an. Premye vini Kris, pa vyèj la; dezyèm vini an, pa Lyon tribi Jida a." E mwen di, "Mwen te eseye sa ki mye pou wè zodyak sa, e m paka wè l. Men, poutan, li la. Sila yo ki antrene, konnen li la. Jòb te wè l. Lèzòm te abitye gade l. Se te yon Bib, a yon epòk. Men nan gwotonton mas antye de milyon e de milya ane—ane limyè, Bondye chita nan mitan tout bagay sa, pou L ap gade anba. Pòl anndan la. Manman m andan la, kèkpa, ap gade anba."

47 E m te panse a lòd pou tout eleman selès sa yo, pa gen youn nan yo ki soti nan plas li. Yo chak nan tan li, pafètman. Gwo lame Bondye a! Mwen te panse a sòlda yo; kijan si lalin sa ta soti kite plas li, tè a t ap kouvri ak dlo ankò, jis nan kèk minit. Tè a t ap jis tankou l te ye lè Bondye te deside itilize l, pou L te genyen nou isit la sou li. "Li te san fòm, epi vid, ak tenèb, e dlo yo te sou sifas tè a." Si jamè lalin sa ta bouje, sa t ap fè menm bagay la ankò. Kan lalin lan bouje on tikras lwen tè a, vag dlo yo monte. Kan l desann, li jis swiv vag yo. Se gwo lame Bondye a. E kan m te panse a...ke sa se gwo lame Bondye a la...

48 Bon, nou t al nan kabann. E lè sa m te kòmanse ap panse ke pa gen youn nan eleman sa yo ki te soti kite plas yo. Yo tout ret an plas. E si gen youn mouvman, nenpòt kote, pou yo, se pou yon kòz, e sa ap afekte tè sa a. Nou fèk wè rezilta a kounye a, apati de kèk nan yo k ap bouje ale nan lòt pwen yo. Sa efikas. Sa afekte tout bagay.

49 E m te panse, lè sa, si tout gwo lame selès, tankou sa, dwe gade plas li, pou kenbe tout bagay annòd, sa k rive ak dezòd lame terès la? Jan, kan youn kite plas li, jan sa voye tout bagay la nèt andeyò dekò a! Tout pwogram Bondye a nèt boulvèse lè yon manm kite plas li. Nou ta dwe ap batay tout tan pou gade lòd Lespri a.

50 E m ap fè sa, pou Bondye, maten an, pou nou ka mennen sa a yon vrè sèvis gerizon, pou nou ka kenbe pati sa...gwoup ke nou genyen rasanble anba tèt kay la maten an, nan yon tèl amoni, pou Sentespri a ka plase chak manm Kò a, ki isit la maten an, nan yon tèl amoni, jouk va gen yon tèl gerizon otomatik nanm ak kò, si n ap jis gade pozisyon nou.

51 Kounye a, jan m te di nan kòmansman an, dam sa ki te gen kansè a ke Doktè Holbrook te pran...ta pral pran an. Bon, Bondye ki te lakoz ke kokenn bwi sa te antre nan klinik sa, pou gade kansè sa wan kite menm yon tras, èske nou pa konnen ke menm Bondye sa isi a? E sèl bagay L ap tann, se pou lame Li-Li pran pozisyon I, tankou zetwal yo, pran pozisyon.

52 Bon, èske nou konnen, nou te gen lagè apre lagè, ak bwi lagè? E si tè a ret kanpe, n ap gen pi plis gè. Men èske nou reyalize ke genyen vrèman sèlman de pwisans nan tout inivè a? Nan tout diferans nou yo pami nasyon yo, epi diferans pami yo chak, ak tout bagay konsa, sa abouti a de pwisans. Gen sèlman de pwisans, gen sèlman de wayòm; de pwisans, ak de wayòm. Tout rès yo, ti bagay minè, yo konekte swa ak youn ou lòt nan pwisans sa yo. E pwisans sa yo se pwisans Bondye ak pwisans Satan. Se sa...Chak gè, chak dezòd, tout sa k vini, li kontwole oubyen pa pwisans Bondye oubyen pa pwisans Satan, paske se sèlman de pwisans sa yo ki egziste. Se pwisans lavi ak pwisans lanmò. Bon, sa se sèl de pwisans yo.

53 E Satan ka sèlman...Pwisans li, ke I genyen an, se pwisans Bondye a ki pèvèti. Se pa yon vrè pwisans. Tout sa Satan genyen se yon pèvèsyon pwisans Bondye. Lanmò se sèlman yon vi pèvèti. Yon manti se sèlman laverite ki tòdye. Ou wè? Adiltè se yon-yon ak ke yo mal itilize, yon ak kòrèk ki mal itilize. Ou wè? Tout bagay Satan genyen se yon bagay ki te pèvèti, men se yon pwisans.

54 E nou la, jodi a, chita la, youn oswa lòt pwisans lan pral kontwole nou. Kifè annou rejte sa ki movè a. Ann pran pozisyon tankou zetwal nan syèl la.

55 Jan Bib la di I la, "Zetwal ki pèdi wout yo," la nan Liv Jid la, "k ap fè vag pou pwòp wont yo." Nou pa vle vin zetwal ki pèdi wout yo; k ap mande si *sesi* kòrèk, ap mande si *sela* kòrèk, ap mande si *sesi* ap rive, ap mande si...kijan sa ka fèt. Piga w pèdi wout ou. Rete tankou zetwal sa yo nan syèl la, tankou yon vrè sòlda nan pòs travay li. Kanpe la, pou ap kwè! Lavi ou lanmò.

56 Bon, yon lame, lè se vrèman yon lame, lè yon nasyon prepare I pou ale kont yon lòt nasyon, li ta dwe dabò chita pou figure I sa ki byen ak sa ki mal, epi si yo kapab ale kont pwochen nasyon an ou pa. Jezi te anseye sa. E si moun yo te konn fè sa, si nasyon yo te konn-te konn chita, fè yon arè pou reflechi sou bagay sa yo, dè de kote, nou patap gen gè ankò.

57 Kounye a, nou jwenn, si yon nonm fè sa vrèman, si militè yo ki se dirijan nasyon an pa chita, dabò, pou figure I epi wè ke yo kòrèk, ke motif ak objektif yo kòrèk, si yo gen ase fòs ak pouvwa pou ranvèse lòt lame a, alòs se sèten y ap pèdi.

58 Se la ke Jeneral Custer te fè erè fatal li a. Jeneral Custer, dapre sa m konprann, te resevwa lòd de gouvènman an, pou I pat ale nan teritwa Endyen Sioux yo, paske se te yon peryòd relijye pou yo. Se te yon tan adorasyon. Yo t ap fete. Men Custer te vin sou, e li te panse ke li tap jis fè I kanmenm. Li t ap travèse, pe enpòt si I te gen lòd ou pa. Lè sa yo te an reyalite touye kèk zòm inosan, yo te tire sou yo. Mwen kwè yo te atenn kèk nan yo. Se te dè skout, ki te deyò, ap chase pou manje, pou bay pèp yo-pèp yo manje pandan yo t ap adore. E Custer, te travèse, li te wè yo, e I te panse ke yo te pou li, konsa yo te tire sou eskout sa yo. e eskout yo te sove, yo te retounen. Kisa yo te fè? Yo te pran zam, e men yo ki te vini. E se te fini pou Jeneral Custer, paske li pat chita pou panse, dabò,



59 Li pat gen zafè pou l te la. Li pat gen dwa la. Li te repouse Endyen yo depi Kòt Lès, ale nèt travèse nan Lwès, de tout fason. Yo te siyen yon trete, men li te brize trete a. E kan l te brize trete a, alò li te pèdi batay la.

60 Kidonk yon lame, lè l ap prepare l pou yon batay, dabò, an premye yo dwe seleksyone sòlda. Yo dwe abiye pou konbat. Yo dwe antrene pou konbat.

61 E mwen kwè ke pi gwo batay ki te janm fèt, prè kounye a pou pase a laksyon. Mwen kwè ke Bondye ap seleksyone sòlda L yo. Mwen kwè L ap abiye yo, L ap antrene yo. E teren batay la tabli kounye a, prèt pou kòmanse.

62 Premye gwo batay ki te janm fèt, te kòmanse nan Syèl, kan Mikayèl ak Zanj Li yo t ap konbat kont Lisifè ak zanj pa l yo. Sa te kòmanse dabò, premye batay sa se te nan Syèl la. Kifè, peche pa pran orijin li sou tè a, li pran orijin li nan Syèl.

63 E alò sa te desann soti nan Syèl, chase sot nan Syèl, pou vin sou tè a, epi tonbe sou èt imen. Apre batay la, te pase de zanj yo, pou vin batay imen. E Satan te vini pou detwi kreyasyon Bondye a, sa Bondye te kreye pou Limenm. Li te gen, Satan, te vini pou detwi sa. Se sa ki te bi li, se te pou detwi l. Apre batay la te kòmanse isit la sou tè a, e li te kòmanse lan nou, e l af fè raj depi lè sa.

64 Bon, anvan ke nenpòt batay la ka mete an plas, yo dwe dabò chwazi yon teren rankont, oswa yon plas kote batay la ap fèt, yon plas seleksyone.

65 Nan Premye Gè Mondyal la, sa te byen plase, yon zòn ki pa pou pèsonn ak plas kote yo te konbat. E sa dwe yon plas seleksyone.

66 Tankou lè Izrayèl te nan lagè avèk Filisten yo, te gen yon–yon–yon kolin chak kote yo te rasanble a. E se la ke Golyat te soti pou defye lame Izrayèl yo. Kote David te rankontre l, nan vale a, lè l te travèse ti kouran dlo ki t ap koule ant de kolin yo, la li te ranmase wòch yo.

67 Dwe gen yon plas seleksyone. E nan sa, gen yon–on teren komen, yon zò ki pa pou pèsonn, e yo te konn konbat la nan plas sa, e youn te konn travèse la. Se sa yon chan batay kote yo rankontre pou teste pwisans pa yo, kote chak lame ap teste fòs li kont lòt lame a, yon plas rankont komen. Kounye a, piga w (sezi) manke sa.

68 Kan gwo batay sa te kòmanse sou tè a, te dwe gen yon plas rankont komen. te dwe gen yon plas seleksyone pou batay la te kòmanse, epi pou batay la fè raj. E chan batay sa te kòmanse nan panse imen. Men ki kote batay la kòmanse. Panse imen te chwazi kòm plas pou batay la, kote sa te kòmanse, epi sa se paske desizyon pran apati de panse a, tèt la. Kounye a, yo pat janm kòmanse l apati de yon òganizasyon. Yo pat janm kòmanse l apati de yon zafè mekanik. Chan an pat janm kòmanse la. Kidonk, òganizasyon pap ka janm, janm fè travay Boindye a, paske chan batay la, kote ou dwe rankontre lènmi w, se nan panse a. Ou dwe fè chwa w. L ap rankontre w.

69 Mwen vle ke ti pitit fi sa ki la, ki trè malad, asire m ke l ap tande sa kounye a, vrèman avèk atansyon.

70 Desizyon yo pran nan panse a, tèt la. Men ki kote Satan rankontre w, kote pou pran desizyon yo, paske Bondye fè lòm fason sa.

71 Bon, mwen gen (si w t ap gade nòt mwen yo la) yon ti kat ki desine. Mwen te jwenn li la sa pa fè lontan, sou...konn itilize l sou tablo a. Èt imen fèt jis tankou yon grenn ble. Se yon semans. E èt imen se yon semans. Fizikman, ou se semans papa w ak manman w; e lavi vin de papa a, anvlòp la vin de manman an. Kifè, toude, ansanm, ze a ak-ak san an, vin ansanm. E nan selil san an gen lavi. E anndan la li kòmanse, li devlope, pou fè timoun lan-lan. Kounye a, nenpòt semans gen yon kokiy aleksteryè; alenteryè ou jwenn anvlòp la; epi anndan anvlòp la ou jwenn jèm lavi a. Ebyen, se fason sa ke nou fèt. Nou se kò, nanm, ak lespri. Eksteryè a, kò a, kokiy la; enteryè a, konsyans e latriye, se nanm lan; e anndan nanm lan, ou jwenn yon espri. E espri a gouvène tout lòt yo.

72 Kounye a, si w ka chita lè w rive lakay, epi desine twa ti sèk. W ap jwenn ke kò a leksteryè a gen senk sans pou l antre an kontak, e se sans wè, goute, manyen, odè, tande. Sa se senk sans yo ki kontwole kò imen an.

73 Alenteryè kò a, ou jwenn yon nanm, e nanm sa kontwole pa imajinasyon, konsyans, memwa, rezònman, epi afeksyon. Se bagay ki kontwole nanm lan.

74 Men, lespri a, li sèlman gen yon sans. Lespri a...O, annou sezi l. Lespri a gen yon sans, e sans sa se oubyen li domine l, se lafwa ou dout. Se egzakteman sa. Genyen sèlman yon wout ki mennen a li, se lib abit . Ou ka aksepte dout oswa ou ka aksepte lafwa, youn ou lòt ke w vle travay sou li. Kifè, Satan te kòmanse ak pati prensipal la, pou lakoz espri lòm doute Pawòl Bondye a. Bondye te kòmanse ak pati prensipal la, pou depoze Pawòl Li nan lespri sa. Men ni. Se sa ki fè li.

75 Si legliz sa, kounye a menm te ka reyini ansanm, epi ann amoni ansanm avèk yon tèl bagay ke chak moun t ap nan yon sèl akò, avèk pa menm yon lonbraj dout ankenn kote, patap gen yon moun fèb nan mitan nou, nan yon lòt senk minit. Patap gen ankenn moun isit la ki gen dezi pou Sentespri a ki patap resevwa L, si w ka jis gen bagay sa fikse. Bon, men ki kote batay la te kòmanse, drèt nan panse w, ke w vle l ou pa.

76 Kounye a sonje, se pa Lasyans Kreyèn, la, lespri k ap domine matyè a. Sa pa gen...Lespri a aksepte Lavi, ki se Pawòl Bondye a, e sa sisite Lavi. Jis panse w pap fè l. Men, Pawòl Bondye a, te mennen nan kanal panse w. Ou wè? Se pa panse a, jan Lasyans Kreyèn prezante l la, lespri k ap domine matyè a. Non. Se pa sa.

77 Men, panse w aksepte L. Li sezi L. Pa kisa panse w kontwole? Pa lespri w. E lespri w sezi Pawòl Bondye a, e se sa bagay ki gen Lavi nan Li a. Li mennen Lavi nan ou. O, frè! Kan sa rive, kan Lavi desann nan kanal sa, anndan w, Pawòl Bondye a manifeste nan ou. "Si w demere nan Mwen, e ke Pawòl Mwen demere nan ou, al ò mande sa w vle e ou va jwenn li."

78 Apresa kisa sa fè? Apati de mitan kè a, ki se nanm lan, apati de la sa djayi, pou ap nourri chak kanal. Pwoblèm avèk sa se ke nou kanpe la avèk anpil dout, ap eseye aksepte sa k deyò la. Ou dwe sispann sa; epi desann nan kanal sa avèk vrè Pawòl Bondye a, e lè sa l ap soti, limenm, otomatikman. Se sa ki alenteryè a. Se sa ki konte, se enteryè a.

Fason Satan se apati de enteryè a.

79 Bon, ou di, "Mwen pa vòlè. Mwen pa bwè. Mwen pa fè bagay sa yo." Sa pa gen anyen pou wè avèk sa.

80 Ou wè, se enteryè a. Pe enpòt jan w bon, jan w se yon moun ak moral, jan w fidèl, bagay sa yo merite respè. Men Jezi di, "Amwenske yon nonm ne de nouvo." Ou wè? Dwe gen yon bagay ki rive alenteryè. Sinon, se yon fasad atifisyèl, paske anba nan fon kwè w ou gen dezi pou fè l kanmenm. Sa paka atifisyèl. Sa dwe reyèl.

81 E gen yon sèl wout pou sa ka desann, e sa se pa mwayen lib abit, pou l vin nan nanm lan, pa panse pa w. "Jan yon nonm panse nan kè l, se konsa l ye." "Si w di montay sa, 'Bonje,' epi ou pa doute nan kè w, men ou kwè sa w di a ap rive, ou ka resevwa sa w mande a." Ou sezi sa? Men ni. Ou wè? Men chan batay la. Si w te ka sèlman fè sa kòmanse, an premye.

82 Nou sitèlman sou tansyon pou wè bagay yo fèt. Nou sitèlman sou tansyon pou fè yon bagay Bondye. Ti dam sa pat...sou tansyon, pa gen dout, sou tansyon pou viv. Li te vle byen. Gen lòt ki la, ki vle vin byen. E kan nou tande osijè de ka sa, tankou doktè a, rezirèksyon mò, gwo bagay pwisan ke Bondye nou an te fè, alò nou sou tansyon. E bagay la konsènan sa sè ke, n ap eseye atenn sa atravè sans sa yo, pou mete men sou yon bagay la, tankou konsyans lan.

83- Gen tèlman moun, anpil fwa, ki te mal entèprete Pawòl la. Epi sa te fè ke yo te mal konprann mwen lè m tap fè apèl alotèl yo, Mwen te di, " Mwen pat twò anfavè apèl alotèl, "san pou otan di ke w pa ta dwe fè yon apèl alotèl.

84- Men yon moun ki pran yon moun nan bra l, li di " O frè Jan, ou konn yon bagay ? Mwen menm a vè w nou te vwazin pandan tout tan sa a. Vin alotèl mete w ajenou." Kisa lap fè la a ? Si m te gen yon tablo la a mwen tap montre w, kisa lap fè. Lap eseye aji atravè nanm li, afeksyon li yo. Sa pap mache. Se pa wout la sa. Alaverite, se pa sa.

85- Petèt lap travay nan (nan kisa ?) memwa a, atravè sans nan nanm li " O frè Jan yon te gen yon manman ekstraòdinè. Li mouri depi lontan." Yon souvni ! Ou Wè ? Ou pa ka fè sa.

86- Sa dwe pase nan liy lib abit la. Ou, pou kont ou, kite Pawòl Bondye a...Ou pa vini paske manman w te yon bon fanm. Ou pa vini paske w se yon bon vwazen. Ou vini paske Bondye rele w vini, epi w asepte L sou baz Pawòl Li. Pawòl sa a se sa ki vle di tout bagay. Pawòl sa ! Si w kab met tout bagay de kote, tout konsyans, tout sans, epi jis kite Pawòl la antre, Pawòl sa pral pwodui jis sa ki egzak.

87- La a, gade ak kisa l kouvri? Ou di, " bon, kounyeya." Ou di, " bon, bagay sa yo,konsyans ak sans, elatriye, pagen anyen pou yo wè ak sa, fr Branham ? Anverite, yo gen yon pou yo wè avè l. Men si w kite Pawòl la antre, epi kouvri l ak konsyans, alòs li pap ka grandi ; li pral yon pawòl defòmè.

88- Èske nou wè deja yon bon grenn mayi ki plante nan tè, epi kite yon bout bwa tonbe sou li ? Li pral grandi kwochi. Yon pye rezen, nenpòt bagay k ap grandi, pral kwochi, paske yon bagay te anpeche l.

89- Bon, se pwoblèm sa ki genyen ak lafwa Pannkotis nou an jodiya. Nou kite twòp bagay jennen L, Lafwa yo te anseye nou an, Sentespri kap viv nan nou an. Nou kite twòp bagay jennen l epi nap gade lòt moun.

90- Dyab la ap toujou eseye montre w echèk yon moun, lap eseye fè nou rete lwen veritab temwanyaj ki se orijinal la. Li pral montre w yon ipokrit, kèk fwa, yon moun kite al imite yon bagay. Li pa t fè l, paske l te yon imitatè. Men si l vin de veritab Pawòl Bondye a: " Syèl ak Tè ap pase, men Pawòl Mwen pap ka pase." Li dwe rete la a.

Ou konprann li, sè ?

91- Fòk Li te asepte nan panse a, apre sa yo pral kwèl nan kè a. Answuit Pawòl Bondye a vin yon reyalite. Chak sans ki nan nanm nan epi ki nan kò a te netwaye nèt ak Sentespri a. Kidonk sans nou pou Bondye, konsyans nou pou Bondye, Tout sa ki pye ap koule nan nou. Pa gen yon dout okenn kote. Pa genyen anyen ki ka leve.

92- Pa genyen anyen ki vin nan memwa a, e di : " Bon mwen sonje madmwazèl Jones tap eseye kwè Bondye, ak madmwazèl entèl-entèl. Madmwazèl Doe tap eseye kwè Bondye pou gerizon, yon fwa, epi li te echwe." Ou wè?

93- Men si kanal sa te netwaye epil te vide, apre sa anndan l te ranpli ak Sentespri, sa pap menm vin nan memwa a, kèlkeswa sa madmwazèl Jones ye a ak sa l te fè a. Sa se oumenm menm ak Bondye, tout ansanm, e pèsòn lòt moun ankò, men nou toulède. Se sa l ye. Se sa k batay ou a. Touye l depi nan kòmansman an. Kanpe l drèt la nan kous li a. Se pa kouman w pral fè lagè a dire. Se, kanpe l menm kote a!

94- Si w ap vini, epi w pral kenbe sounvi sa yo epi konsyans ak tout bagay, pandan wap panse konsa: " Bon, m ka echwe, li ka pa jis" Piga w fè sa. ditou.

95- Met tout bagay sou kote, epi ouvè kanal la, epi di : " Bondye, Pawòl Ou se laverite Etènèl, epi L se pou mwen. Si tout legliz la echwe, si tout mond lan echwe, se pandan M pa ka echwe, paske m ap kenbe Pawòl Ou a." Men batay la. Se bagay la sa.

96- Poukisa Bondye Toupwisan an ta retire yon kansè nan tete yon fanm san kite mak, epi kite yon timoun ki lonje la a mouri? Non, mesye.

97- Pa gen lontan, yon ti jèn fi te vin isit la, li te nan lekòl segondè. Manman l te rele m, li te di, "Frè Branham pitit fi m nan te gen maladi Hodgkin lan." Se yon kansè ki gen fòm yon pakèt boul. Doktè yo te pran yon ti moso nan gòj li, te voye l ale, epi se te egzakteman maladi Hodgkin nan.

98- Kidonk Li te di, "Pwochen boul la, ka soti nan kè l. Lè sa rive, lap mouri." Li te di, "Li pa t genyen...fason y ap fòme a, li gen, tout kote. anviwon twa mwa, pou l viv."

99- Manman an te di, "kisa m pral fè ? Voye l retounen lekòl?"

100- Li te di, " kite l ale, paske li pwobab ke l mouri toudenkou." Epi li te di : "Jis kite l ale epi viv yon vi nòmal tan ke l kapab. Pinga di l anyen sou sa." Madanm lan te di m konsa, " kisa m dwe fè ?"

101- Mwen te di, " vini avè l epi fè l antre nan liy lapriyè a." Epi M te di, "Ou mèt vin tou. Mwen te santi yon ti sansasyon dwòl.

102- E lè ti jèn fi a te vin la a, nan maten sa a, ak lèw li yo ki gen koulè ble, ak makiyaj, tankou yo fè l nan lekòl yo. Epi – epi ti bagay la te vin la a. Mwen pat konnen ki moun li te ye lè l tap rele m nan telefòn nan. Mwen pran men l. M te di : " Bonjou, sè, li te la a. Se te

limenm. Jis nan yon ti moman, lè m voye je m gade manman an mwen te wè yo tou lè de san Bondye, san Kris. Mwen te di : " kijan nou ka atann nou a gerizon sou baz sa yo. Èske n vle aksepte Jezi kris kòm Sovè pèsonèl nou ?" M te di : " Èske n vle antre nan pisin sa a ki la a epi batize nan Non Jezikris pou padon peche nou yo ?" Yo te di, " Nou pral fè sa."

103- Oh nou konnen kisa kite rive. Madanm lan ka petèt chita la maten an. Anpil nan nou konn ka a. Frè Mike Egan, youn nan administratè ki la a, te wè ka a. Sete anviwon kat oubyen senk an. Ti jèn fi a te retounen kay doktè a, yo pa menm jwenn yon tras maladi Hodgkin nan li.

104-Kisa problèm nan te ye ? Ou te dwe ouvè kanal la, anvan. Ou te fèt pou gen Sòlda a, kise Sentespri a, plase nan premye liy batay la, ki gen Pawòl Bondye a. Li se Pawòl la. Epi Li pran pozisyon l lan, pa gen anyen ki pral rete lè sa a. Pagen anyen k ka... Tout lòt kanal yo te netwaye. Tankou yon vye chodyè ki gen yon tiyo ki bouche; lè w met dife ladann lap eklate bagay ou a. Se pwoblèm sa ki genyen ak anpil kretyen ki renmen eklate yo, se paske yo pa netwaye kanal yo a, yo pa rantre fon anndan yo. Ou dwe netwaye l, konsyans, memwa, panse yo, mete tout bagay sou kote, pou ka vin anndan an ak Pawòl pirifye Bondye a, ki se Laverite.

105- Pe enpòt si dimil moun mouri bò kote sa a, jodi a, ak konfyans; dimil moun mouri lòt kote sa a demen, ak konfyans; sa pa gen anyen pou wè ak mwen. Mwen se endividi a. Mwen se endividi a. Mwen se sila ki gen konfyans lan. Mwen se sila ki kwè l la. Epi nap wè lòt bò a, si nou ta vle ouvè kanal nou yo lè sa a, si n kapab, epi wè. Nou jwenn moun sa a epi moun sa a, ansuit sila sa a e sila sa a, de milye nan yo, ap temwaye,

106- Men dyab la pral eseye retounen la menm. Ou wè si, jamè, li kab antre la a, l ap dewoute lame w la menm kote a.

107- Si w te gen sans ou yo, wè, goute, touche, santi, epi tandè, yo byen kòrèk, men pinga kwè yo sof si yo annakò ak Pawòl la. Yo trè byen, men si yo andezakò ak Pawòl la, pinga nou koute yo. Kounyeya, imajinasyon, konsyans, memwa, rezon epi santiman ,yo trèbyen si yo annakò ak Pawòl la. Men si santiman nou pa annakò ak Pawòl la, debarase nou de li. Ou ta sote yon tiyo touswuit. Ou wè ? Si rezon nou pa dakò ak Pawòl la, rete byen lwen l. Se sa ! Motè a... Si memwa w, si imajinasyon w, si konsyans ou, nenpòt lòt bagay pa dakò ak Sa ki anndan an, debarase w de li.

108- Kisa w te genyen apre sa ? Ou te genyen yon sistèm solè. Alélouya ! Se Bondye ki te dispoze zetwal yo nan lòd epi te di : " Rete akwoche la jiskaske M rele w !" Yo te rete la. Anyen pa pral deplase yo. Lè Bondye gen yon nonm nan men l, li ka toujou gen sans yo, konsyans, tout bagay netwaye nèt, osi lontan ke l kanpe ak Bondye dèyè l, pagen okenn demon nan mond lan ki kab met yon dout anndan la a. Se vre. Lap vin tounen anwon epi di, " Ou pa santi w mye ditou."

109- Menm konsyans ou mouri, ak bagay sa yo. Tiyo a tèlman netwaye, li kriye : " Alélouya." Dren yo ap soufle , "Glwa pou Bondye!" L ap briye, sètènman, li jis netwaye epi li pwòp pou Pawòl Bondye a aji nan li. Pouvwa Bondye a. Ou wè? Se bagay ki pi enpòtan an.

110- Men chan batay ou a. Chan batay ou a te twouve l isit la depi nan kòmansman an, isit la nan nanm nan, la a nan panse nou ki louvri. Pan – panse a se pòt nanm nan, pòt

lespri a, pito. Panse w louvri epi asepte lespri a, oswa li rejte lespri a. Ou kab gen yon ti konsyans, epi yon ti santiman, yon ti sansasyon, tout bagay sa yo. Sa pa gen anyen pou wè ak li. Se jis ti sansasyon ak lòt bagay.. Men lè l vin yon reyalite, panse nou louvri li. Swa panse nou asepte l oubyen rejte l. Se sa l ye, zanmi m yo. Bondye. pa kite youn nan yo manke l.

111- Ou wè, se panse w ki ouvè pòt la ; oubyen fèmen pòt la, epi koute konsyans ou, koute memwa w, koute afeksyon w. Men lè panse w fèmen l ak bagay sa yo, epi kite Bondye, Lespri Pawòl Li antre, li sote tout rès bagay yo. Tout dout yo ale, tout laperèz yo ale. Tout sansasyon dout yo ale. Tout santiman ale. Pa gen anyen ki ka kanpe la eksepte Pawòl Bondye a, epi Satan paka batay kont sa. Non mesye. Li paka batay kont li. Kounye a, nou konnen se laverite.

112- Batay sa yo te fè raj depi epòk jaden Dedenn nan, batay ki nan panse imen an. Satan te kòmanse l. Kisa l te fè lè l te rankontre Èv ? Li pat nye Pawòl Bondye a, men li te kamoufle li. Li bouche kèk ti kanal kèk kote. Li te di , "Men se vre Bondye..." Jenèz 3 :1. Ou wè ? "Se vre, Bondye , tout bagay sa yo ke Li-Li-Li te pwomèt la..." Li te konnen Pawòl la te laverite. Men li te konnen li pat ka jis vini epi lage l tou kri, fè bann bri ak sa, men li-li-li te adousi li.

113-Tankou manman m ki te gen abitud bannou medikaman, epi l ta eseye met ji zoranj nan lwil makristi Mezanmi, pito m pran lwil maskreti san ji zoranj lan ! Se yon bagay ki ipokrit! Ou wè? Li...Nou te konn gen pou leve lannwit, epi li te gen abitud bannou gaz blan lè nou te gen difikilte pou n respire. Lè li pran gaz blan an epi li mete sik ladann l; Ou wè, yon jan dipokrizi. Epi l ta boule amidal ou yo, preske, lè l ap desann, apre gou sik la te ale.

114- Bon, se fason sa l ye, zanmin. Satan ap eseye fè – fè –fè ipokrizi ak sa. Lap eseye montre nou yon bagay ki pibon, yon mwayen ki pi fasil. Yon plan ki pi rezonab. Men pa gen yon plan ki pi rezonab pase sa Bondye te mete anplas la depi nan kòmansman an. Pawòl Li. Kenbe Pawòl sa a. Sezi l. Kite l gen menmiz sou ou. Rete la ak Li. Sa a se se bagay la sa.

115-Batay la te fè raj lè Èv te ouvè panse l, pou l te koute rezonman l. Se nan tiyo sa a li antre. Se nan kanal sa a—kanal li desann nan, rezonman li. Limenm, nan nanm li. li te rezone.

116- Zye l yo sete sans vizyon. li te wè sèpan an. Li te bèl gason, byen kanpe, pi bèl gason pase pwòp mari l. Li te pi rize pase tout bèt kite nan jaden an ; epi li te pwobableman yon pi bèl gason pase mari l. Li te sanble ak yon mal bèt espektakilè kite kanpe la. Ala li te ekstròdinè! Epi li tap eseye di manzè ke l te yon pakèt afè

117- E premye bagay li te fè, li te ouvè panse li. E lè l te fè sa, rezònman imen yo te sezi l : "kisa l ye, eske sa pa ta yon eksitasyon ?"

118- Se sa l fè ak fanm yo jodiya. Yon fanm ki genyen yon bon ti mari, jwenn kèk nonm ki ekstraòdinè, kosto, ki se yon nonm tout bon. Nonm sa a pral eseye ouvè rezon w yo. Sonje, se Satan. Se dyab la. Oubyen youn ou lòt la, gason pou fanm lan, fanm lan pou gason an, youn ou lòt. Kisa l fè? Travay nan pouvwa rezònman, konsyans sa a oubyen yon bagay konsa, pou l kòmanse antre pran plas.

119- Men bay Pawòl Bondye a premye plas la. Yon nonm paka menm vin... Li paka peche. Alelouya ! Men li. Sa ap vini, tou fre. Yon nonm paka peche jiskaske l met Pawòl Bondye a kote. Li paka menm peche, sa se "enkredilite,". Amwens ke li debarase l dabò de Pawòl Bondye a, de Prezans Bondye a, li paka peche.

120- Èv pat ka peche jiskaske l te mete Pawòl Bondye a akote, lè l ouvè kanal rezon li yo atravè nanm li, epi l kòmanse rezone. "Men, se vre, mari m pa janm di m bagay sa yo, men mwen kwè w,... Li te di m, mwen pat dwe fè sa, men w fè l parèt tèlman reyèl e tèlman klè. Mwen-mwen kwè li te ka yon bon bagay paske w fè l klè pou mwen." Ou wè, se te premye batay la. Epi atravè batay sa a, ki te lakòz tout lòt lagè yo. Epi tout masak ki te janm rive, te gen koz li la menm an Eden. Li te doute de Pawòl Bondye a.

121- Bon si yon ti yota nan Pawòl Bondye a ki pat kwè, te lakòz tout pwoblèm sa yo, kijan nou pral fè pou retounen, ap doute de Pawòl la? Nou pa ka fè l. Nou fèt pou n fèmen tout lòt bagay sa yo, konsyans, memwa yo epi di.... Rezònman, ak tout lòt bagay yo. " Ann chase rezònman yo." Nou pap rezone sou li ankò, ditou, anyen ditou.

122- Nou jis asepte Pawòl la sou baz, " Bonsye di l," epi etabli yon kouran ant oumenm ak Bondye. Chak kanal lè sa a, vin louvri ant oumenm ak Bondye.

123- Men batay la, premye a menm, liy fron an. Ann pa itilize yon pistolè kalib 22; ann pran-yon bonm atomik. Ann fè travay la kòrèkteman. Ann pran bonm atomik Bondye a. "Kisa l ye frè Branham?" L-a-f-w-a nan Pawòl Li. Se bonm atomik Bondye a. Li sote maladi ak demon yo adwat agòch. Li-li elimine yo. Li distenngè....o, se, li jis detwi. Li dezentegre tout sa ki se enpyete. Lè bonm lafwa sa a tonbe la a ak Pawòl Bondye a deyè l, li sote, tout demon, tout maladi, tout afliksyon.

124- Ou di, " Eske se byen, frè Branham? poukisa li fèt, sou kèk, e pa sou lòt yo?

125- Se akòz de kanal la. Nou ka voye je epi wè. Men nou dwe genyen l anndan la a, ap gade l nan yon sans. Se pa deyò a la, ap gade anndan an; nou dwe anndan ap gade deyò a. Ou wè? Ou paka vini pa mwayen rezònman, ou paka vini atravè lòt bagay sa yo. Ou dwe desann toudwat nan kanal Bondye a, toudwat nan nanm nan. Chak kanal vin louvri ant oumenm ak Bondye, lè sa a. Epi kijan w fè l ? Kisa dènye kanal la ye ?

126-Li pral rez...lamenm sou sa. Ou di, sans yo : " O, Mwen – mwen ka touche l. Wi, men li, o-ooh. O o, Mwen-mwen ka santi l, oubyen yon lòt bagay. Bagay sa yo la a. Ya. " Prochen bagay la, w ap rezone ; " bon, li sanble konnen de kisa lap pale a. Doktè a di mwen paka geri. Se dwe sa. Ou wè, se la menm ou ye- ou nan erè. Se dyab la ki kanpe la a. Se dyab la ki foure bagay sa yo nan wou. Pa kwè l.

127-Alelouya! Pawòl Bondye a di mwen pral... ' Andepide tout bagay, M ta renmen pou sante w pwospere.' Se sa. " kijan w kapab yon veritab sòlda lòt bò a? Ou wè. Mwen vle sante w pwospere.

128- Men li, la a menm, kanal sa yo. Ou apenn sòt, louvri yo. Pa jis pase akote yo.

129- Alès si Satan ka antre la a, antre nan konsyans sa yo ak tout lòt bagay yo, alès li desann jis la a nan bout nanm nan, nan panse a. Kounye a, si l ka jis genyen w...ou pap janm – nou pap janm konsidere youn nan yo jiskaske w kite l antre la a. Ou dwe kite l

antre. E lè l antre, li gen kontwòl. Lè sa kisa l fè? li kòmanse ap itilize konsyans lan. Li kòmanse ap itilize sa a, kòmanse ap itilize debouche sa a. Kisa l ye ? Wè, goute, touche, santi, tande ; imajinasyon yo, konsyans, memwa, rezon, afeksyon yo. Li kòmanse itilize tout diferan kanal sa yo toutotan l kapab antre, sou sa a la a. Li dwe antre nan panse nou, anvan, epi nou dwe aksepte l. Li ka.... Tande. Li ka vin pou l frape w, men li pa kab atenn pazavan ke w asepte l.

130- Lè Satan te mache sou Èv, E te di : " Ou konnen, fwi a bon."Manzè te kanpe yon ti moman. O o, se lè sa l te fè yon erè, lè l te kanpe yon ti moman.

131- Pa kanpe pou . Ou gen Mesaj la. Jezi vivan. Bondye se Gerisè a . Se sa ki Mesaj la. Pa kanpe pou anyen, pa rezonne, pa fè anyen lòt.

132- Men li te kanpe yon ti moman. Se lè sa a Satan te antre toudwat nan panse sa a. Li te di " Bon," sa sanble l rezonab." O o, pinga w fè sa. Jis pran sa Bondye di a.

133- Abraham, e si l te kanpe pou l te rezone, lè L te di li pral genyen yon bebe ak Sara, e l te gen swasann senkan epi misye swasannkenzan? Epi lè l te gen santan, epi manzè te genyen katrevendizan, li te toujou, li-li-li te konfese Pawòl Bondye a te laverite. Epi li te konsidere tout sa ki pat egziste kòm si yo te egziste.Ou wè? Li ... Menm espwa, èske te genyen okenn espwa. Li pat menm itilize lespwa.

134 "Bon,"ou di, " M espere ke m kab geri. M espere m ap fè mye. M espere m pral gen Sentespri a. M espere m se yon kretyen. M espere map fè sa." Ou pa vle sa a.

135- Abraram pat janm menm gade a sa. Amèn. "kont tout espwa, li te toujou kwè Pawòl Bondye a ? Lafwa ale pi lwen pase lespwa. Lafwa retwouve l, anndan la a. Lafwa sot la a.

136- Kijan l fè antre ? Atravè panse a a. Se-se pòt sa a kote chant batay la ye a.

137- Kounye a Lè w pare pou fè batay la! Kounye a, dyab la chita lamenm nan chak kè maten an. Li chita, nan kè ti demwazèl sa a. Li chita nan kè nou . Ki chita toupatou la a. Lap di : " O o, mwen te wè w eseye avan. Mwen te tande sa a anvan."

138- Chase l. Se tou. Chase l. Kisa Bib la di la a, nan tèks nou an? Chase l. Se Sa. Chase l. Nou te antrene.

139- Mwen panse : " Ki pwoblèm ki genyen ak nou menm predikatè ? Map mande kijan de antrènman nou te resevwa.

140- Bondye ap fè antrènman pou gwo batay sa a. Matye 24 di la a, epitou Danyèl 12, di, " Pral gen yon peryòd ki pral gen traka, kòm jamè oparavan sou tè a." Men nap viv nan tan sa a, kote kilti, ak edikasyon ak lòt bagay vle toufe Pawòl Bondye a, pou yo antre nan rezònman ak tout rès yo. Batay la ap fèt kounyeya. Kiyès ki pral anpozisyon ? Alelouya ! Batay la prèt pou l fèt. Li angaje kounye a. Gad gwose opozisyon nou gen lòt bò a.

141- Ki moun ki pral tankou David? Li te di : " Nou kanpe la epi nou kite Filisten ensikonsi sa ap bay lame Bondye vivan an defi ? Mwen pral batay avè l." Amèn. Bondye vle gason ak fanm maten an ki ka kanpe epi di : " Mwen pral pran Seyè a sou Pawòl Li." Amèn. Kèlkeswa sa k echwe, kote sa epi sa, epi kisa sila sa a te fè. Sa pa gen anyen pou l wè



ak li. Oumenm Sayil, ak tout lòt yo, si nou pè li, retounen kote w soti a. Men lame bondye a ap vanse, amèn ; gason ki gen valè, gason ki – ki – ki gen lafwa, gason ki gen pouvwa, gason ki gen konprann. Yo pa bezwen pou yo entèlijan. Yo pa bezwen pou yo edike. Yo bezwen pou yo se yon kanal. Bondye pran ti kanal sa yo.

142- Li te kanpe yon moman pou l rezone, ap di: " Bon, kounyeya, ann wè." Bon, jis tankou, e si...

143- Ti dam sa a maten an, sandout doktè a te di l, li prèske rive nan fen wout li : " Pagen anyen k ka fèt." Bon, kounyeya, sa se doktè sa a. Mwen pa kondane l. Se yon nonm syantifik li ye. Li wè maladi a te gen vikwa sou kò timoun nan. Sa depase tout bagay. Li pa t jwenn yon medikaman ki ka rete l.

144 Se konsa kansè sa a pral gen vikwa sou madanm sa a ; sèten, lanmò te gen vikwa sou ti bebe sa a ; men Kapitèn Anchèf nou an, alelouya, gwo lame sa a, Li se rezireksyon ak Lavi. Anyen paka gen vikwa sou Li. Alelouya !

145- Sèvo lame a se nan kapitèn nan li ye, entèlijans lan. Rommel, nan peyi Almay te sèvo Lalmay, se pa Hitler. Rommel! Se vre. Eisenhower? Dè Militè! Patton ! Nonm sa yo kite nan tèt la, sa te depann de ki fason yo te bay lòd la. Ou dwe swiv kapitèn ou a, si l se yon bon kalite jeneral. Si l se youn ki kòrèk, si l se yon jeneral ki gen kat (4) etwal, si l te epwouve, si l te fè prèv ke l te bon, swiv li. Malgre l ta sanble ke l nan erè, pou wou kontinye al sou chan an. Fè jan l di w fè a.

146- Alelouya ! Nou gen yon Jeneral ki gen senk etwal ki eple J-e-s-u-s, ka p plase senk etwal sou nou kise l-a-f-w-a Li. Li pa janm pèdi yon batay. Alelouya. Li te pote vikwa sou lanmò, lanfè ak tonm lan. Mete demon an an dewout. Li se gran kapitèn anchèf lan. Konsa, dyab la pa menm nan dékò a.

147- Pi gwo batay kite janm fè raj la, ap pare pou l pran plas kounyeya. Sètènman, se sa. O o! Alelouya !

148- Lè m panse a sa. Lè m te kanpe epi gade L kap fè bagay sa yo, gade L kap revele bagay sa yo, kap devwale bagay sa yo, ki di , " Li pral fèt fason sa a epi fason sa a, "men li. O, gade dèyè a la epi di : " Kiyès gran Kapitèn sa a ? O o, mwen pa vire gade pou m wè si se doktè entèl-entèl. Mwen gade kisa Kapitèn nan te di : "Li se Kapitèn redanmsyon nou nou an." Alelouya ! Kisa redanmsyon an ye? Se delivrans. Glwa ! Li se kapitèn delivrans nou an."

149 Gwo moman atak la ap apwoche. Alelouya ! Sòlda ak zam nou k ap klere, ak drapo nou yo kap flote. Lafwa ak dout ap mete w anplas, nan tabènak sa a, maten an, dout la yon kote, lafwa lòt kote a. Sòlda yo, kanpe nan pòs devwa nou . Alelouya! Kapitèn nou an, Zetwal Maten an, antèt. Li pa janm fè bak. Li pa (janm) konnen mo retrè a. Li pa gen pou l fè retrè, Amèn. Sètènman.

150 Pi gwo batay kite janm fèt la, lap fèt isit la kounye a la a, wi, mesye, ant lavi ak lanmò, ant maladi ak lasante, ant lafwa ak dout, O o, mezanmi, ant libète ak esklavaj. Batay la ap fèt ! Sòlda, fè lans nou yo klere. Byen poli ameman nou yo. Bondye ap prepare sòlda Li yo. Amèn. Bondye wenn lame Li a.

151 Lamerik abiye sòlda li yo nan pi bon fason ke yo ka abiye yo, kas annasye, ak ekipman, kèlkeswa sa yo te genyen, cha blennde, nan tout sa yo te antre.

152 Bondye abiye lame L a. Alelouya ! Ki kalite ekipman nou itilize ? Lespri Epe a, Pawòl Bondye a !. Amèn! " Pawòl Bondye a pi file ke yon epe ki file debò." Ebre 4, "ki ap pèse zo a an mòso pou l rive jouk nan mwèl la, ki menm disène panse ki nan lespri." Pawòl Bondye a! kwè Pawòl Li a, se konsa Bondye ekipe.

153 Se sa L bay Èv pou l te ekipe tèt li. Men li te kase ekipman l lan. Kijan l fè sa? Lè l te ouvè panse l pou l rezone. Ou pa rezone ak Pawòl Bondye a. Li pa nan rezònman. Ou ... Se jis Pawòl Bondye a. Pa gen – pa gen dout sou Li. Pa gen rezònman nan Li. Se Pawòl Bondye. Sa regle tout bagay. Se sa pou l ye. Sa regle pou tout tan.

154 Ou wè sa m vle di a, ti cheri? [sè ki malad la di : "Amèn] Se Pawòl Bondye. Bondye te pwomèt li, Bondye te di sa.

155 Yo te di Abraham : " kijan w fè konnen w pral gen bebe sa a?"  
" Bondye te di sa. " Se regle. " Bon, poukisa w pa genyen l ?

156 Mwen pa konnen kilè m pral genyen l, men mwen pral genyen l. Bondye te di sa. Sa pap kanpe m yon ti kras." Li rele...

157 " Poukisa w pa retounen lakay ou, kote w soti a?

158- Mwen se yon pèleren epi yon etranje sou tè sa a." Amèn !... ?..."Bondye bay pwomès la. Bondye pral bay bebe a nan peyi sa a menm kote Li te voye m nan. Alelouya!

159 Bondye pral geri w la menm nan atmosfè Sentespri kote Li te voye w la. Bondye pral ba w li. Jis kwè li. Amèn. Ouvè tiyo nanm lan epi kò a, sans yo epi konsyans lan, e jis kite Pawòl Bondye antre anvan, pran lespri sa a. Men chan batay la.

160- Pinga di: " Bon , si m te ka santi l, si m ta santi laglwa Bondye desann ! O o ! Sa pa gen anyen pou l wè avè l; pa anyen menm.

161 Ouvè panse a. Teren batay la . Se la kote batay la te deplwaye ya, la kote de (2) enmi yo ap atake a kise panse nou yo. Ouvè l, pou di : " Mwen ... chak dout, mwen doute de dout mwen yo." Amèn. " Mwen doute de dout mwen yo kounyeya. Mwen kwè Pawòl Bondye a. Men mwen Satan." Yon bagay pral pran plas. Se vre, li pral pran plas. Wi, mesye.

162 Li wenn Sèvitè Li yo ak Lespri Li. Li voye zanj yo. Kèk fwa moun yo pase sa nan jwèt, " zanj yo." Kite m – kite m gade yon bagay ak nou, jis yon minit. Ann ale nan Liv dèzebre, jis yon minit. Ebre chapit kat, katyèm chapit, epi ann... mwen vle di, premye chapit nan liv Ozebre yo epi ann gade nan katòzyèm vèsè a.

Èske se pa tout espri sa yo k ap preche, ke yo te voye... voye pou yo al preche sa yo ki ta pral eritye Sali a?

*... kiyès nan zanj yo li te di ...chita adwat mwen...?*

*... tout zanj Bondye yo ...*

163 kounye a, men Bib la tounen lamenn epi di nou la a, ke Bondye voye zanj li yo. Glwa.

Kisa yo ye ? Espri yo ki pral preche, Glwa ! Dè zespri k ap preche, yo te vin ( de ki kote?) de prezans Bondye. Pou fè kisa ? Preche Pawòl Li. Amèn ! Yo pa t pou preche kèk teyoloji ki vin de gwoup denominasyonèl men pou preche Pawòl Li. Se sa! Dèzespri k ap preche, ke yo te voye lespri ki gen yon ministè ke yo te voye."

164 kijan pou n konnen ke yo se sa ? Bib la te di : " Pawòl Seyè a te vin a pwofèt yo." Èske se pa vre ? Zanj sa yo preche Pawòl Li a atravè Lespri Li ; preche Pawòl la atravè Sentespri a. Epi Lespri a ak Pawòl la vin a pwofèt yo. Epi pwofèt yo te gen Pawòl Bondye a. Se rezon sa a ki fè ke yo te ka fè mirak yo te fè yo. Se pa t yon nonm; se te Lespri Bondye nan yon nonm. Lespri Kris la nan yon nonm. Paske Pawòl Bondye a... Kisa l te fè ? Netwaye tout kanal yo. Bondye te chwazi l, epi li te wenn ak Sentespri a. E se pat li menm. Li pa t janm fè anyen pazavan li te wè l nan yon vizyon. Eli te di, sou mòn Kamèl la, " Tout bagay sa yo Mwen te fè yo sou lòd Ou. Kounye a, Seyè fè yo konnen ke W se Bondye." O o glwa pou Bondye !

165 Mwen te wè l tèlman de fwa, lè w wè Lespri Bondye tonbe yon kote, epi kote sa a anba onksyon an ! Si ti gwoup sa a isit la maten an, te ka jis pran panse sa a la a, tout dout tap soti nan chemen! kijan w kab doute ankò, lè w wè mò yo – mò yo resisite, bwate ap mache, avèg wè, soud tande ?

166 Zanj Bondye a, menm foto l ki akwoche sou mi an la, te mete lasyans nan konfizyon tout kote. Kisa l fè ? Rete ak Pawòl la. Amèn ! Lap fann tout demon. Wi, Lap fè l. Kisa l ye ? Yon bann lespri nan ministè ki sot nan Prezans Bondye pou wenn sa yo kap preche Pawòl la, ki rete ak Pawòl la. Epi l konfime Pawòl la ak siy ki swiv l, ki anonse Jezi se menm nan ayè, jodi a e pou toutan. Men li.

167 Kijan nou ka doute, lè l alafwa syantifikman, materyèlman, espiyèlman, nan tout sans ke l te ka pwouve l, l te pwouve l la a.

168 Kisa pwoblèm nan ye ? Se nan panse nou yo. Nou ouvè panse nou yo ak bagay kap di : " Bon, kounye a, mwen pa konnen si l ka sa oswa non. Petèt, si M santi m miyò demen." O o, sa pa gen yon sèl bagay pou wè avè l.

169 Kòm Mwen te souvan di a, Abraham te ka di Sara... l te pase laj pou l te yon–yon jenn fanm . Nou konn kisa m vle di ; se peryòd lavi a, peryòd ventwi jou li yo. Ou wè, li te genyen swasantsenkan. Li pwobableman te pase peryòd sa, depi kenz, ventan deja. E li te di manzè petèt kèk jou apre, li te di : " Ou santi w yon lòt jan, cheri ?" "Non pa menm yon ti kras chanjman."

170 Sa pa gen anyen pou l wè ak sa. Nap kontinye, kanmenm. Bon, kounye a, si w te ka retounen tankou yon jèn—fanm ankò, nou konnen, atravè san lavi sa a, ebyen, alòs, epi nou jwenn la a ke sa pral pwoteje bebe a, epi tout bagay pral mache trè byen. Kounyeya, eske w santi yon diferans jodi a ? Sa fè yon mwa depi l te pwomèt mwen. Ou santi w yon lòt jan, cheri ?

171 Anyen menm, Abraham. Pa gen yon siy de anyen. Mwen – mwen toujou jis jan mwen–mwen te ye lane pase yo. Pagen yon ti kras chanjman." " Glwa pou Bondye ! Nou pral genyen l, kanmenm.

172 Èske w vle di, Abraham, sou... Gade, si L te pwomèt ou, sètènman Li te ka bannou yon siy nan fason sa a. Asireman Li ta bannou yon siy." Han an! Alelouya !

173 Yon jenerasyon fèb epi adiltè ap chèche yon siy. Se sa. Li te gen yon siy. Kisa l te ye ? Pawòl Bondye a. Sete siy lan.

174 Kijan Bondye te ka geri ti moun sa a? Pawòl Bondye te di sa; si m santi yon sansasyon, oubyen m pa santi yon sansasyon. Si Mwen... Kèlkeswa sa k rive a, Bondye te di sa. Se regle.

175 Abraham te di : " Prepare bonèt yo e tout bagay ansanm, nou pral kite peyi a." " Ki kote w prale ?"

176 " Mwen pa konnen." Amèn. " Men, nou prale kanmenm. Ann ale !" Li fè pakèt li epi li ale. Alelouya ! Se veritab Pawòl Bondye a. Ki soutyen ki te devan l ? Pwomès Bondye a, Pawòl Bondye a. " Nou pral genyen l ?"

177 Retire kò w nan mitan moun sa yo Abraham. Yo se, bagay la se, yo se doutè ak enkwayan. Yo pral fè w tonbe nan menm pyèj la. Soti kò w. Separe w de yo epi viv pou Mwen." Kisa l ye ? kite tout konsyans ou epi sans yo dèyè w, alòs. Ouvè panse w yo epi sonje, se Mwenmenm. Vini, ret avèk mwen." Amèn.

178 Bondye ap rele chak semans Abraram yo maten an, pou viv menm jan de vi sa a. Gwo batay la ap fèt kounyeya tout kote nan mond lan. Bondye vle timoun Li yo separe yo de kisa ? wè, goute, santi, tandè, imajinasyon, konsyans, memwa, rezon, afeksyon, tout bagay. Pou yo ouvè panse yo epi kite Pawòl la antre, apre sa mache ak Pawòl la. Se sa yon veritab sòlda.

179 Se nan fason sa a ke zetwal pozisyonè. Sistèm solè a la pa chanje; zodyak la. zetwal maten leve nan pòs devwa li, chak maten, jis egzakteman jan l te fè l la lè latè a te kreye. Zetwal diswa a pran plas li, tout zetwal yo. Ti Ous la, epi nan peryòd egzak sezon an, li egzakteman kote l sipose ye a, Zetwal Nò a rete djanm epi l pa janm deplase. Alelouya ! Tout bagay yo nèt vire toutotou zetwal Nò a, tout rès yo, paske li plase nan mitan latè.

180 Sé Kris la. Amèn. Li kanpe la a pou L kòmande lame Li a tankou yon gran Kapitèn.

181 Tankou Moyiz sou mòn nan ak men li yo anlè , lè Izrayèl te nan lagè, yo tap chèche yon wout pou yo pase, epi li te kanpe ak men li anlè. Li te kanpe ak men li anlè jiskaske solèy la te kouche. Yo te dwe kenbe men li anlè. Se te Moyiz.

182 Li te yon tip Kris la. Pou L asire L men L yo rete anlè, men Li yo te klouwe, sou lakwa a. Alelouya ! Li te grenpe gwo miray Laglwa a, jodiya, ak rad li yo chaje ak san devan Bondye, adwat Majeste Li a la a. Epi nan batay la, pou chak sòlda, pral fè wout pou l pase. M pa fè ka kisa k te pase; ak Pawòl Bondye li pral fè wout pou libète. Amèn.

183 Tankou yon ti poul ki nan yon ze. E si l pè pou l beke? E si l pè pou l beke nan ze a ? E si ti poul sa ki nan ze a, ti zwazo a, te pè pou l frape kokiy ze a ? E si l te tandè yon son ki deyò ze a ki di : " Pa frape kokiy ze a ou ka fè tèt ou mal? Men lanati limenm, nan zwazo a, di l " Bal yon kout bèk ! fè yon twou ladann l."

184 Kite tout vye òganizasyon yo di: " Jou mirak yo pase. Ou pral fè tèt ou mal. Ou pral tonbe nan nan fanatism."

185 Beke dirèkteman kokiy la, osi fò ke w kapab. Alelouya! " Satan, rale kò w! Map soti kòm la a." Se sa. " Mwen pap blayi kòm la a ankò. Mwen pap rete la a, ankò. Mwen pa sou vye tèren dyab la ankò. Map beke wout mwen pou m soti, maten an. Amèn. Mwen se yon èg."Amèn. Alelouya !

186- Men ti vye èg sa, kou li tankou yon mato kap frape nan kokiy la. Kèlkeswa jan kokiy la te di, li te bay kout bèk jiskaskè li pèse l. Lè sa, premye bagay ou konnen, li te ka bat zèl li yo yon ti kras. Li te santi l byen.

187- Bay kout bèk pou jwenn soti w la . Se sa. Kijan w dwe fè l? Eklate l ak yon : " MEN SA SEYÈ A DI. MEN SA SEYÈ A DI. MEN SA SEYÈ A DI. Finalman wap kòmanse santi yon frechè. "MEN SA SEYÈ A DI." Mete tèt ou deyò. " MEN SA SEYÈ A DI." Pouse fò la, w ap soti!

188- Li pa janm tounen nan kokiy la ankò. Amèn. Li libere. O, la la! Yon fwa Pawòl la pran plas, li travèse sans yo ak konsyans yo ak tout lòt bagay, pou l enstale l la epi ouvè lespri w epi kite l la. O Bondye, gen mizerikòd ! Pagen anyen ki ka mare l ankò. Ou lib. Sila ke Pitit Gason an te fè lib la soti nan kokiy la. Denominasyon w lan p ap janm ka fè w tounen ankò. Dyab la pa ka janm fè w anyen. Li ka sifle epi rele fò, lè sa.

189- Men ou sou Granri a ap kouri ak tout vitès, o la la, wap kouri sou Granri Wa a tankou yon sòlda lakwa a ki wenn. E sa se pou nou tout èg yo, ki gen lafwa: pwoklame ke Jezi se limyè mond lan. Kouri sou Granri Wa a. Se sèten. Wi mesye !

190- Se yon "bann lespri ki genyen yon ministè," ki te soti nan Prezans Bondye, pou yo ka predikatè, pou preche ( kisa) ? Pawòl Li ; pa yon teyoloji, men Pawòl Bondye a. Yon bann lespri ki genyen yon ministè ki te soti nan prezans Bondye pou preche. Yon bann lespri ki genyen yon ministè! O! Epi, sonje, si l preche yon bagay ki akote Pawòl la, li pa soti nan Bondye. Paske, " Pawòl Ou toujou konfime nan Syèl la." Toujou, nan Syèl la, Pawòl la te...Bondye ap veye sou Li. Epi Li p ap janm voye yon lespri pou preche yon lòt bagay ki akote Pawòl la.

191- Li p ap janm voye yon lespri ak yon gwo tonton D.D.D ; yon doktora nan filozofi ak kòl li vire dèyè, ak tout bagay konsa, k ap di : " Ebyen, se sèten, jou mirak yo pase. Nou tout nou konnen sa." Non, non. Sa pat soti nan Bondye. Li kontrè ak Pawòl la. Amèn.

192- Li voye sa yo kap preche Lespri Pawòl la. Amèn.

193- O, mwen te genyen apeprè kat oswa senk bagay anplis, men map kite yo kounyeya, map pran yo dimanch pwochen. Se byen.

Satan ak demon li yo, yo wenn

194- Si lespri zanj sa yo te wenn pou pote Pawòl la bannou, pou yo ka fè nou kwè Pawòl la, kounyeya, èske nou ka wè kote nou janm tandè yon pwofèt, yon veritab pwofèt Bondye nye Pawòl Bondye a? [asanble a di : "non" – Editè a] Non, mesye. Kisa ki rive lè

òganizasyon pou jou pa yo te leve pou yo di : " kounyeya, li nan erè ? Li te kanpe pou tèt pa l, li te kanpe pou kò l. Li te di : "Se laverite."

195- Gade Miche laba a jou sa a, ti sen ki eksite a, pitit gason Jimla a. Te genyen katsan pwofèt ki te sipoze wenn ki te kanpe la, yo tout te byen manje, byen prepare ak gwo diplòm nan men yo, epi yo te save, save byen fòme. Yo te di : " Ou mèt moute, wa fidèl nou an. Seyè a avè w. Se pou nou li ye. Se Jozye ki bannou li. Konsa ou mèt moute epi pran l. Egzakteman se sa l te ye. Ou mèt monte epi pran l. Kisa..." Li te di : "Ebyen, Joz..."

196- Ou konnen, Jozafa te di : " Èske pa gen yon lòt kèk kote?" Ebyen, yo te gen katsan. Poukisa yo pat kwè katsan yo ? Li te di: "asiremen nap jwenn yon lòt kèk kote."

197- Li te di : " Mwen – mwen ... Ebyen, nou gen youn. Gen yon lòt, men, o, mwen rayi l." Humm! Ou wè?

198- "Men ni – men ni, se nèg sa mwen ta renmen tande. Ou wè." Fè l vini. Ann wè kisa l pral di."

199- Konsa yo t ale epi yo te di l : " Kounyeya, koute. Byen pwograme mesaj ou a maten an paske w pral preche pou wa a. Ou pral preche pou ... tout asosyasyon pastè *entèl*, ou wè, ki nan Palestin lan, tout asosyasyon pastè yo nèt. Kounyeya, se pou nou sonje, men sa yo te di : Se pou di menm bagay. Se pou kwè menm bagay." Ti sa....

200- Li—li te genyen move nèg la la a. Nèg sa te voye vye rezònman sa jete. Li te netwaye kanal li yo nèt, ou wè, konsyans li.

201- "Epi, ebyen, donk, ou konnen kisa yo pral fè? Si w di menm bagay ak yo, m panse yo pral fè w vin evèk tout depatman an. Li pwobab pou yo fè l. Yo pral – yo pral fè w siveyan jeneral nan depatman an, si ou – ou dakò ak yo." Se pat veritab òm Bondye a.

202- Poukisa? Tiyo li yo te netwaye nèt, tout konsyans li, ak tout bagay klè. Panse li te ouvè pou Pawòl Bondye a. E se sèl Pawòl Bondye li te ka kwè. Se yon bann lespri ki genyen ministè. Se yon lespri ki genyen yon ministè.

203- Li te di : " kounyeya mwen pa konnen kisa pou m di. Men map di w yon bagay, mwen pral sèlman di sa Bondye di m pou m di."

Konsa yo te tann li pou nwit sa. Li te gen yon vizyon.

204- Nan demen maten, mwen ka imajine Miche kap etidye ekriti yo epi l di : " Kounyeya, ann gade la. Èske vizyon sa... Kounyeya, tout nèg yo, gen yon bagay ki pa mache byen kèk kote, paske Li kontrè ak sa yap di a. Ebyen, kisa l di ? Ann wè kisa Eli, pwofèt la te di nan tan sa, paske nou konnen li te yon pwofèt. Ou wè sa...Pawòl Seyè a te vini jwenn Eli. Wi. E kisa l te di ?" Epi chen yo pral niche san w. Jezabèl, chen yo pral manje w. Akòz nèg ki jis la Akab... nèg ki jis la Nabòt." Li te di konsa... lè li te wè sa, li te wè vizyon l lan te tonbe daplon ak Pawòl Bondye a, alò, vye Akab sa te oblije l vini.

205- Li te ale la dirèk, pou l di : "Ou mèt monte, men mwen te wè Izrayèl..." Ou wè, alò, li pat wont pou l te bay vizyon l lan, paske se te Pawòl Seyè a. Li te konnen li te ka konprann bagay la pafètman. Kisa ? Li te ouvè kè li, panse l, pou Pawòl Bondye a, epi Pawòl Bondye a te revele ba li, konsa li te konnen pafètman se te Pawòl Bondye a.

206- Kounye a ou di : "O, si m te ka yon Miche!" Ou kapab. Se sa w ye. Se sa w ye tou, cheri. [ Frè Branham ap pale ankò ak sè ki malad la. – Ed] Ou se Miche pwofèt la. Kisa pou w fè ? Ouvè panse w. Kisa m ta eseye di nou maten an ? Pawòl Seyè a. Wè ? Ouvè panse nou pou di : " kounyeya, w konnen, mwen ka geri." Bon, kisa l ye, konsa ? Èske se Pawòl Bondye a? Men wi, se Pawòl Seyè a.

207- Epi nèg sa isi a di : "Jou mirak yo pase. Ou paka fè sa. Epi w..." Bliye bagay sa. Mete Bondye anvan.

208- Men Pawòl Seyè a, li te pwononse L, epi Li te fèt konsa.

209- kounyeya, kisa Satan te fè ? Satan te genyen lòt yo ki te wenn yo. Bon, Satan wenn sèvitè li yo. O wi se vre. humm! Se vre. Li wenn sèvitè li yo. Ak kisa li wenn yo ? Ak enkredilite. Satan ak demon li yo wenn limanite ak enkredilite pou yo pa kwè Pawòl Bondye a.

210- Kounyeya, si w vle konfime sa, vire paj la nan Jenèz 3 : 4. Ann jis retounen la pou n koute sa, jis yon minit epi gade si se pat premye taktik li. Sa se premye bagay li te fè. Li pa janm kite menm taktik li yo. Li fè l tout tan. Kounyeya, jis gade si se – se pa sa li ye. Kounyeya, li pat janm andezakò ak Pawòl la. Li te lakòz li te yon tijan mal konstwi L yon ti kras, nou konnen, li te fè l sonnen nan fason l te vle pou l sonnen an, li pat pran tout Pawòl la. Kounyeya Jenèz, mwen genyen l la, Jenèz 3 : 4. Ann gade si se sa ki te di la. Byen.

*Epi sèpan an te di fanm lan, ou p ap mouri vre.*

211- "P ap mouri vre." Gade kijan l pase arebò li ? O, nou kwè jou mirak yo pase. Nou pa kwè gen yon bagay tankou gen moun ki te resevwa Sentespri a menm jan yo te resevwa l jou Pannkòt la. O, kèlkeswa jan w batize a, sa pa fè okenn diferans. Nou wè dyab la? Nou wè taktik li yo ? ``Ebyen, si doktè a te di w pa ka retabli, se fini.``

212- Kounyeya, mwen pap diskredite doktè a, se pa ke mwen pa vle kwè li. Doktè a ap travay dapre règleman syantifik yo. Epi doktè a te fè tout sa li kapab pou l sove lavi yon moun. Epi li paka sove l, paske pa gen anyen lòt li konnen pou l fè. Li rive nan limit konesans li. Li se yon nonm onèt. Men, kounyeya pyebwa konesans lan bon, men lè nou rive nan mezi li rive a, alò desann sou Pyebwa Lavi a epi jis kontinye. Amèn. Se sa li ye. Sa pral mache. Wi.

213- Kounyeya, kisa taktik Satan an ye kounyeya? Kisa l te di la? Kounyeya, gade premye epi dezyèm vèsè a—a. Kounyeya kite – kite m li premye vèsè isi a jiska twazyèm lan.

*Kounyeya sèpan an te pi rize pase tout bèt ki nan jaden an Bondye te kreye. Epi li te di fanm lan, èske Bondye te di w pa manje... nan tout pyebwa ki nan jaden an?*

214- Ann koute l kounyeya, kijan l dezagreyab, epi kijan li – kijan l te blanchi Pawòl sa. Ou wè ? Li... kisa lap eseye fè? Antre nan panse l la. Ou wè ? L ap pale avè l apre Pawòl la te deja fòtifye nan li.

215- Kounyeya, pa kite Satan fòtifye anyen. Wè ? Se pou gade Pawòl Bondye a fòtifye nan kè w. Wè ? Se pou fè menm bagay. Kounyeya gade nou menm Miche.

*... fanm nan te di sèpan an, nou ka manje fwi pyebwa yo ki nan jaden an : men...*

*Men fwi pyebwa yo ki nan mitan ( mitan an, ou wè) jaden an Bondye... te di, pinga nou manje ladann l, ni pinga touche l, pou n pa mouri.*

216- Gade, kounyeya, se Pawòl la. Li te site l pou li ankò. Kounyeya gade.

*Epi sèpan an te di fanm lan, ou pap mouri vre.*

217- Nou wè taktik li a? Ou wè? kisa lap eseye fè ? Premye èt imen sa a, lap eseye wenn fanm presye sa a la, pitit fi Bondye a ak enkredilite nan Pawòl Bondye a. Se egzakteman sa lap eseye fè l fè.

218- Se sa lap eseye fè w, cheri. [ Fr Branham ap pale ak sè ki malad la – Ed] Se sa lap eseye fè ak nou chak ki la, ki deyò a la, lap wenn nou. E yon sèl bagay nou gen pou n fè kounyeya... Nou gen lib abit la. Kounyeya nou kapab asepte l si nou vle. Men mete l deyò. Si Èv pat kanpe nan moman sa, pou koute! Pa kanpe pou anyen. Pa kanpe.

219- Lè – lè Eli te pale ak Geyazi, li te di : " Pran baton m lan, al mete l sou ti bebe ki mouri a. E si nenpòt moun ta vle pale ak ou, pinga w reponn li. Si nenpòt moun ta eseye rete w, jis kontinye."

220- Gade madanm lan lè l te rele sèvitè li a. Li te di l : " Sele yon milèt epi ale, epi pa janm kanpe jiskaske mwen di w." Se sa li ye.

221- Lè nou gen mesaj la, kontinye avanse. Amèn. Ou di : " Mwen pa ka mache ankò. Wi m kapab! Bon, o, mwen fèb." Jis kontinye avanse. Pa kanpe. Mete tout bagay akote, jis kontinye koupe, frè, ou gen Epe a nan men w, kontinye dekoupe.

222- Mwen te antre nan yon stad foutbòl, yon fwa pou m te ale preche. Epi mwen te kanpe nan pòt la, mwen te gade anlè. Sa te di : " Se pa gwo chen an nan batay la. Se gwo chen batay la nan chen an." Se sa ki genyen batay la. Ou wè ?

223- Ou di : "Ebyen, gade. Gade tout gwo legliz yo ki kont bagay sa."

224- Sa pa gade m ki gwo chen yo ye. Se gwo chen batay la ki nan chen an se sa ki konte. Se lafwa ki nan endividi a. Si w se yon lach, retounen nan twou w la kote yap karese w la.



Men, frè, si w se yon sòlda, kanpe la , deyò a. Gen yon batay kap kontinye. Sa ki bon ak sa ki pabon te angaje yo. Ann batay.

225- Se tankou Peter Cartwright, lè li te antre nan yon vil li te di : " Seyè a te di mwen pou – pou m vin la pou m fè yon revèy." Li te lwe yon vye depo, li te antre ladann epi l te kòmanse netwaye l.

226- Men gwo malveyan ki nan vil la, ak zam li bò kote l, kap desann. Li kanpe nan pòt vil la... kèk nan mitan yo, yo te di : " Kisa nèg sa a ap fè la ?

227- Yo te reponn li : " Li se yon predikatè. Li di, li pral fè yon renyon."

228- Ebyen, li te di : " M panse m pral desann epi voye l nan larirya epi fè l kite bò isiya. Epi fini. Nou pa vle okenn renyon nan vil nou an.

229- Konsa li desann la, li te frape pòt la. Peter Cartwright te gen yon levit sou do l, ou konnen, epi li tap lave fenèt ak mi yo. Yon gason tou kout, ou konnen.

230- Vye predikatè a tap pase l nan tenten, nou konnen paske l tap manje pou l ak men l, kise yon etikèt jodiya nou konnen.

231- Konsa li tap lave epi repare fenèt yo. Gwo malveyan an te mache jiskaskè l rive nan depo a, voye levit li sou do l, zam li pandye bò kote l, li te di : " Kisa wap fè la ?

232- O, li te reponn : " Map lave fenèt yo." Epi li jis kontinye lave fenèt yo, nou konnen. Li te genyen yon bi. Bondye te di l pou l te fè yon revèy. Li tap lave fenèt yo.

Li te di : " Nou pa pèmèt pou revèy fèt bò isiya."

233- Li te reponn : " O, men Seyè a di m pou – pou m fè revèy sa." ? Ou wè ? Li jis kontinye travay li. Ou wè? Ou wè?

234- " Ebyen", li te di: " Gen yon bagay ou – ou dwe konprann." Li te di: " Se mwen ki mèt vil la."

235- Li te reponn : " O, ou menm ? " Epi li jis kontinye ap lave fenèt yo, nou konnen.

236- Li te di : " Anvan w fè revèy la, ou dwe bat mwen anvan.

Li te reponn : " O, mwen menm ? Ebyen, se sa m pral fè apre sa."

237- Li te retire manto l. Li mache jiskaskè li rive sou misye, epi li te pran l nan kolèt, li frape l atè, ponpe sou li. Li te di : " Mwen dwe konbat, si pou m reye. Banm plis kouraj Seyè." Li te bat li byen bat.

Li te di : Li ase pou ou?

238- Li te reponn : " wi." Li leve epi li te ba l lamèn. Nanm li te sove jou swa sa nan legliz la.

239- Men li. Wè ? Se, sa pran Pawòl Bondye a epi fè wout atravè chak dout. Ou wè li? Se vre, se sa li ye. Travay nou gen pou fè apre sa, ann fè l. Se sa. Bagay mwen gen pou

m fè se pou m retire dout yo sou mwen, pou m koupe yo. Se travay mwen gen pou m fè apre sa, se pou m pran tout fristrasyon m yo voye yo jete. Si sans mwen yo di : "Ebyen ou pa santi w byen," sa w gen pou fè apre sa se retire l voye l jete. Se sa.

240- Ou di : " Bon, ou... yo di m ke... Ou konnen, konsyans mwen di m frè Branham, ke mwen..." Ebyen, ou ta ka osi byen debarase w de bagay sa. Ou p ap ka ale pi lwen pase sa. Jis se travay sa w gen pou fè apre sa. Retire manto w epi angaje w drèt ladan l. Jis kontinye. Yon sèl objektif, " mwen pral genyen." Amèn." Mwen paka pèdi. Mwen pral genyen." Amèn.

241- Satan wenn. Ou wè? Kisa premye taktik li a ye? Ki premye plas li te pran? Panse a. Li te kanpe yon ti moman, pou l te koute kisa li tap di : " O, ou pa di sa konsa?"

242- Se la anpil jenn fanm te fè erè yo, epi anpil jenn gason te fè erè yo ; se vre, yo te kanpe yon ti moman, jis yo te kanpe pou yon ti moman. Konbyen fwa mwen te wè anpil ka divòs ak anpil bagay sou sa.

243- " Bon, mwen di w, frè Branham, li te sifle konsa : 'fwit – fwit,' ou konnen, epi mwen te kanpe, epi onètman mwen – mwen pat vle fè sa." En – en. Men w la

244- " O, li, mwen te chita sou tab la anfas li. Li – li te genyen bèl je !" Ou wè ? En – en. Ou wè li ? Se sa.

245- Dyab la fè menm bagay la. "O doktè a te di mwen p ap kapab vin byen, konsa mwen... Men w la, menm bagay la, gade, pi gwo batay ki te janm fèt la.

246- "Ebyen, yo di m... Mwen te wè entèl ki pretann li gen Sentespri a." Wi, ou te gade yon ipokrit. E sa yo ki genyen L tout bon vre a? En – en. Wi. Dyab la va montre w yon pyèj pou yon vye kaw, men li p ap montre w veritab kolonb lan. En – en. Se vre. Li p ap montre w sa, epi l ap kontinye fèmen je w sou sa.

247- O li se yon sòlda tou, sonje sa ! Men gran se... " Sila ki nan nou li pi gran pase sila ki nan mond lan." Men kenbe Pawòl Bondye a ; kwè Li, kapitèn lame nou an la. Kenbe fòterès nou, frè m. Se vre, rete nan pòs nou.

248- Konsa, mwen te genyen yon jèn fi isi a, yon fwa. Dam lan ka chita kounye a la. Non li se Nellie Sanders. Youn nan premye fwa mwen te janm wè yo te chase yon demon. Nou te abite, bon, si m ka jis jwenn plas la; apre twa riyèl anwo a, lòt bò simityè a. Epi mwen te fenk yon predikatè, epi mwen tap preche egzakteman la nan kwen lari a nan yon reyinyon ki tap fèt anba yon tant.

249- E ti jèn fi sa te youn nan pi bon dansè yo. Li te konn ale nan lise ki anba a, li menm ak Lee Horn. Anpil nan nou konnen Lee Horn ki anba a la, lap dirije sal biya a. E konsa yo tou lède, li menm ak Lee Horn yo te pi bon dansè vil la te genyen. Li se katolik. Se vre, relijyon pat vle di anyen pou yo. Kifè alò... Pou Nellie ak lòt yo. Konsa li te yon gran dansè epi li menm tou. Yo te konn danse yon dans ki te rele " black bottom" epi " jitterbugs," ak tout lòt bagay yo te genyen. Epi li te...yo tou lède te pi bon nan vil la.

250- O yon jou, li te parèt klopi klopan nan yon reynyon ki tap fèt nan aswè. La menm li te tonbe devan lotèl la, ti Nellie. Se pou kè li beni. Li te blayi la sou lotèl la. Li te leve tèt li. Li tap kriye, dlo tap koule nan figi l. Li te di: " Billy..." Li te konnen m. Li te di : " Mwen gen yon gwo bezwen pou m sove.

251- Epi mwen te reponn li : " Nellie, ou ka sove. Jezi te sove w deja jèn fi. Ou dwe aksepte l kounyeya sou baz Pawòl Li.

252- Li te rete la. Li tap kriye, li tap priye, li te di Bondye, li pap janm koute bagay mond lan ankò. Menm kote a, yon lapè ki dous te vin nan kè l. Li te leve li tap bay Bondye glwa epi li tap glorifye Bondye.

253- Anviron sis ou wit mwa apre sa, li tap desann nan ri Spring, yon swa.

254- Bon, jèn fi sa te yon adolesan ki te genyen anviwon dizwit lane. Li te vin bò kote m pou l te di : " Hope... " se te madanm mwen, sila ki mouri a. Li te di: " Mwen ta renmen tankou Hope ak Irène." Li te di : ``Ou konnen, yo pat janm te nan lemonn.`` Li te di : " Mond lan kite mak li sou nou." Li te di : " Mwen gen yon aparans ki di." Li te di : " Kounyeya mwen pa mete makijaj ankò, men, mwen gen yon aparans ki di. Menm tras yo ki nan figi m nan di, " Mwen gen yon aparans ki di : " Li te di : "Yo menm, yo gen yon aparans inosan epi dou." Li te di : "Mwen swete m pat janm fè sa.``

255- Mwen te reponn : "Nellie, San Jezikri a netwaye tout peche, cheri. Ale, kwè l."

256- Wayne Bledsoe, anpil nan nou konnen l, la, yon zanmi pwòch mwen pandan anpil anpil lane. Li te yon tafyatè. Li te la ak frè m nan Edward. Li te sou nan lari a, epi mwen te pran li, paske lapolis te dèyè l pou te pran l. Mwen te pote l lakay. Mwen te yon predikatè e mwen tap viv isi a ak manman m ak papa m lontan anvan m te marye. Epi mwen pran l, mwen te mete l kouche sou kabann lan. Mwen dòmi...mwen te dòmi sou yon kanape. Te genyen yon bann Branham, nou konnen, nou te dis. E kifè nou te genyen anviwon kat pyès kay, e nou te dwe on jan pataje yo ant nou, on tikras. Kifè mwen te genyen yon kanape mwen te konn dòmi sou li. Mwen te tire l *konsa* epi – epi mwen te mete Wayne sou kabann lan avè m. Li te sou, mwen te dwe pote l lakay la epi mwen te mete l kouche.

257- Mwen te kouche la. Mwen te di : " Wayne, èske w pa wont tèt ou, konsa?

258- Epi li te reponn : " O, Billy, pa pale ak mwen konsa." Apre sa mwen mete menm sou li. Mwen te di : " Mwen pral priye pou ou, Wayne. Bondye beni w." E mwen te genyen anviwon, o, mwen panse anviwon, petèt yon lane depi m te sove.

259- Epi apre sa, menm kote a, yon – yon pòt taxi te fèmen byen fò deyò a, epi yon moun tap frape byen fò: "Frè Bill ! Frè Bill !" [Frè Branham frape chè a – Editè a]

260- Mwen te panse : "Mezanmi, gen yon moun kap mouri la." Mwen kouri sote al nan pòt la, mwen pran vye bagay mwen an la, voye l alantou pijama m lan, *konsa*, epi mwen kouvri Wayne, mwen kouri al nan pòt la.

261- Li te sanble sete yon fanm. Mwen te ouvè pòt la, epi jèn fi sa te kanpe nan pòt la. Li te di : " O èske m ka antre ?

Mwen te reponn : "Antre." Epi mwen te limen limyè yo.

262- E bon li te jis ap kriye konsa, epi l te di : "O, Frè Bill, mwen – mwen -- mwen pèdi ! Mwen pèdi !

263- Mwen te di : " Sak genyen Nellie ? Ou fè yon – fè yon kriz kadyak ?"

264- Li te reponn : " Non." Li te di : " Frè Bill, mwen tap desann nan ri Spring lan." Li te di : " Mwen onèt Frè Bill! Mwen onèt Frè Bill, mwen pat vle fè anyen ki mal. Mwen pat vle fè anyen ki mal."

265- Mwen te di: " Sak pase?" Mwen te panse, " Kisa m pral fè avè l kounyeya?" Mwen pat konnen sa pou m fè. Mwen te jis yon jèn gason. Epi mwen...

266- Li te reponn : "O frè Bill," li te di : " mwen jis – mwen jis – mwen jis pat ka kontwole m."

Mwen te di : "Bon kalme w sè. Di m sak pase a."

267- Epi li te di : " Bon," li te di, " mwen tap desann nan lari a, epi devan sal Redman lan... Chak samdi swa yo te gen abitud fè bal ladann. Epi li te di : " Mwen te achte kèk bagay pou m te fè yon wòb pou mwen, pandan map retounen lakay mwen," li di : " Mwen te tandè mizik sa." Epi l di : ou konnen, " li di : " Mwen te kanpe jis yon minit." Epi l di : "Li tap sonnen pi byen. Konsa mwen te di ; 'Ou konnen, sa pap fè yon mal non si m antre.'"

268- Se la li te fè erè li a, li te kanpe yon moman. Li te jis koute.

269- Li te di : " Bon, mwen pral panse." Li di : " O Seyè, Ou konnen mwen renmen W, malgre tou." Li di : " Ou konnen mwen renmen W, Seyè. Men mwen ka sonje sètènman epòk lè Lee ak mwen te konn genyen tout koup yo--yo ak lòt bagay yo." Li te di : "O la la, mwen sonje vye mizik sa ki te konn atire m. Li pa ka fè l kounye a."

270- O, o, o ! Ou jis panse li pa ka fè l ? Menm kote a, li te deja pran w. Se jis ase bon jan li vle a, la menm. Ou wè ?

271- Konbyen moun la ki te janm konnen Nellie Sanders? Ebyen, m panse anpil nan nou. Wi. Sèten. Konsa yo – yo te – yo te...

272- Li te di, li te di : "Ebyen, ou konn on bagay ?" Li te di : " Petèt si m monte eskalye a la," li te di, "petèt m pral temwaye ak kèk nan yo."

273- O ! Ou wè, ou egzakteman sou teren dyab la. Soti la. Kouri lwen aparans sa ki mal.

274- Konsa li te monte, anwo eskalye yo, epi li te rete la kèk minit. Premye bagay ou konnen, li te nan bra yon gason, sou pis la.

275- Alò li vin rekonèt kote l ye. Epi li te kanpe la, li tap kriye e latriye, li te di : "O, kounye a mwen pèdi pou toutbon. Mwen..."

276- Mwen te panse : " Bon, mwen pa konnen twòp sou Bib la, men mwen kwè Jezi te di sa : 'Nan Non Mwen yo va chase demon yo.' Mwen..."

277- Epi Wayne te desoule yon ti kras, epi li te chita la, li tap gade. Ou wè? Konsa mwen di : "Kounye a, demon, mwen pa konnen kiyès ou ye, men map di w kounye a, se sè m li

ye, epi w pa gen anyen pou wè ak li. Li pat vle fè sa. Li te jis kanpe yon minit." Se la li te fè erè li a. Mwen te di : " Men ou pral oblije soti sou li. Ou tande m?

278- E kifè ede m, Bondye, mwen konfime l, devan Tribinal Jijman an. Pòt fè fòje a kòmmanse ouvè epi fèmen pou kont li." ``Plum, plum," la nan pòt la. " Pum, ka – plump, ka – plump." Mwen te panse.

Epi li te di : " Bill, gade la. Gade la."

Epi mwen te reponn : Wi. Kisa sa ye ?

Li te di : " Mwen pa konnen."

Mwen te reponn : " Mwen menm tou."

279- Epi pòt la te ouvè " pumpity ti – pump, li tap fèmen konsa. Mwen te panse, " sa kap pase la ? sa kap pase?

280- Mwen te gade ankò, *konsa*. Epi mwen te di : " kite l, Satan? Nan Non Jezi; soti nan li !"

281- Lè m te di sa, se te tankou yon gwo chovsouri, ki longè sa, ki te leve deyè do l ak cheve men longè ki te pandye nan zèl li yo ak nan pye l yo *konsa*. Sa t ap fè : ``Ooooooh." Li te kòmmanse ap vin sou mwen, jis ak tout vitès.

282- Mwen te di : O Seyè Bondye, se pou San Jezikri pwoteje m de bagay sa."

283- Epi Wayne te sote sou kabann lan, li te gade. Epi li te la, tankou yon gwo lonbraj, li tap vire tou won, travèse chanm lan epi l desann deyè kabann lan. Wayne te soti sou kabann lan, li kouri vit ale nan lòt chanm lan. Konsa nou...

284- Mwen te pran Nellie, mwen te mennen l lakay li. Epi m retounen, e mwen pat ka...

285- Manman m te antre, souke tout dra yo ak lòt bagay yo. Pat genyen anyen sou kabann sa. Kisa ki te pase? Yon demon te soti nan li. Kisa ki te rive ? Li te kanpe yon moman. [Frè Branham frape chè a plizyè fwa – Editè a.] Se tout sa.

286- Pa kanpe menm. Lè Bondye mete Pawòl Li nan kè w, jis pran Epe sa epi kòmmanse rache, koupe. Alelouya!

287- Mwen pa gen tan pou tann yon lòt bagay. M fenk travèse, mwen pa menm gen tan pou m chita.

288- Li te di : "Ebyen, pran baton mwen an epi al mete l sou ti bebe a. Epi si nenpòt moun pale avè w, pa menm reponn yo."

289- Si dyab la di : " Hey, ou konn kijan w santi w?`` Pa menm reponn li. Jis kontinye.

290- Dyab la, ou konnen, dyab la di : "Men w konnen yon bagay? Ou konnen *entèl*, lè l te genyen Sentespri a ; ou sonje li te prèske pèdi tèt li." Pa menm pale avè l. Jis kontinye. Ou pa menm konnen anyen de *entèl*.

291- Se ou ak Bondye. Se sa. Kenbe Bondye. Li wenn sèvitè L yo. Mwen dwe fè vit. Bondye wenn Sèvitè L yo. Ou wè?

292- Kounye a mwen dwe mete kèk nòt sou kote, men mwen ta renmen di sa. La, koute byen kounye a.

293- Ti jèn fi, koute byen kounye a. [Frè Branham pale ankò ak sè ki malad la – Editè a.]

294- La nou wè taktik dyab la. Kijan pou n fè? Kounye a, mwen gen anpil Ekriti la, ki pale de pwofèt yo ak lòt bagay yo, kote li te apwoche yo, epi li te fè diferan moun ki nan Bib la menm bagay la. Se toujou menm taktik li a, se eseye fè moun yo vin enkredil ak Pawòl Bondye a. Koute, sòlda lakwa a; lè nou pa kwè yon sèl Pawòl Bondye ki ekri nan Bib la, nou dezame.

295- Ou kwè sa, cheri? [Frè Branham ap pale ankò ak sè ki malad la. – Editè a.]

296- Ou dezame. Ou anba ennmi an, bann pwason mediz! Annou pran tout zam Bondye yo. Amèn. Nou nan yon batay. Sa Bondye di se laverite. "Tout pawòl lòm se manti." Ou wè? Men menm kote ou... rete pou koute yon grenn bagay, se taktik li a, ou dezame.

297- Konbyen bagay Èv te gen pou koute? Yon sèl. Li te dezame menm kote a. Kisa dyab la te fè? Li te jis glise tou dwat nan panse li, antre nan lespri l e la li te pèvèti. Èske se sa? Li te pèvèti menm kote li te dezame a, lè li pat kwè Pawòl Bondye a. Se sa. La nou wè taktik li yo.

298- Se pou sòlda Bondye yo "pran tout zam Bondye yo." Èske se sa ? [Asanble a di : " Amèn." – Editè a.] Kounye a si nou vle ekri vèsè sa, li nan Efezyen 6 : 10 epi 13. Ou wè ? Nou te li l toutalè a. Se te sijè nou an. Se sa. Remake. "Se pou nou pran tout zam Bondye yo." Ann... Èske nou genyen kèk minit? [Asanble a di : "Amèn." Editè a.] Ann retounen dèyè yon minit. Annou wè kisa tout zam Bondye yo ye ? Ok. Annou kòmanse nan dizyèm vèsè a. Kounye a, pran san nou pou n koute, Ann al dekouvri tout zam Bondye yo. " Finalman, frè m yo..." Kounye a, mwen konnen mwen pral... Mwen...

299- Kounye a, li prèske midi mwen ven. Mwen – mwen pa... Mwen pat vle anseye nou twò lontan, jodi a, men mwen – mwen ka petèt gen yon sèl Mesaj pou m preche ankò jiskaske m vwaje pou kèk nan vakans ete mwen yo, nou wè.

300- E nou konnen yon bagay? Nou konnen poukisa mwen fè sa? Mwen pral di nou. Lòt jou mwen te fè yon rèv. Mwen pa ta pral di nou sa, men sa jis vin nan panse m. M ap tou di nou li, apre Seyè a te ban mwen entèpretasyon an.

301- Mwen te wè mwen tap prepare m pou m travèse yon gwo rivyè, pou yon travay misyonè. E bon, dabò, mwen te la ak madan m mwen...

302- Konbyen moun ki te konnen Georges Smith, sis segonn-Smith la nan vil la? Georges Smith, pitit gason li a se yon polisye nan vil la. Li, pòv Georges, kounye a li se yon tafyatè. Men li te youn nan pi bon boxè. Li te sila ki te konn antrene m anvan m te ale nan Y.M.C.A ak lòt kote yo. Li te gen abitud antrene nou. E li te rapid, li te reyèlman rapid. Li te sèlman yon pwa mi-mwayen, pou sankaransenk liv. E li te antrene m. E li te gen abitud kanpe la, li te ka pran pwen li *konsa*, epi frape m dirèk nan lestomak, leve m apiye

sou mi an, ou wè, men sa pat deranje m. Li tap jis antrene m, sa pat anyen ke jis yon antrènman.

303- Mwen – mwen reve, nwit pase a, sis–segonn Smith. Bon, se pat yon vizyon. Se te yon rèv. E mwen te wè sis-segonn Smith, yon jèn gason tap lite kont li. Granmoun sa, te genyen anviwon, o, mpanse... Mwen gen senkanndezan. Li genyen anviwon senkanntuit, swasantan. Pat gen youn nan jèn gason sa yo ki te ka manyen l, nan nenpòt ki fason. Li te jis mare yo tankou yon ne, *konsa*, li lage yo atè epi kenbe yo ak men li yo.

304- E mwen te pansè : "Bagay sa dwòl." Mwen te pansè madanm mwen te ak mwen, epi mwen te di : "Bagay sa dwòl." Mwen te di : "Ou konnen yon bagay Meda? Li te konn antrene m.

Li te di m : " Mwen – mwen sonje sa, ou te pale m de sa."

305- Mwen te di : "Wi mesye ak bon antrènman li yo, mwen te genyen ken z konba pwofesyonèl, epi m te kite metye a pou m te ale preche levanjil."

306- Epi sa te chanje, mwen te kòmanse travèse yon—yon rivyè. Men lè m te ale, mwen te ale nan yon bato ki gen motè. Lè m te voye je m, mwen wè te gen de nan frè m yo ki te chita nan yon kannòt yo te pare pou yo te ale ak mwen. Mwen te di : "Nou pa ka fè sa frè m yo. En-en. Mwen dwe ale pou kont mwen."

307- Moun ki konn bato a parèt epi li di : " Men bato w la." Yon veritab kannòt an plastik blan.

Mwen te reponn : "Non. En-en. Se pa sa."

308- Li te di : "Ebyen ou ka ale nan direksyon sa avè l, senkant mil alè."

Mwen te reponn : "Men mwen dwe travèse nan direksyon sa." Ou wè?

"Ebyen, li te di : "Ou mèt ale avèk mesye sa yo."

309- Mwen te reponn : "Yo pa konn kondwi bato. Yo pa konnen ase nan sa. Yo enterese. Yo pa kapab travèse sa. Yo toulède ap nwaye. Yo pa kapab fè l."

Li te di, " Èske w... èske w gen konfyans...?"

310- Mwen te reponn: "Koute, mwen – mwen gen plis konesans nan bato pase yo, epi mwen pap ka eseye travèse l ak sa, ak jan de materyèl sa." Mwen te di : "Se ak yon bato ki gen motè pou m travèse sa." Mwen te di : "Sa pran yon bagay ki pi pwisan pase sa."

311- Epi mwen te wè li gade youn nan frè yo epi l di : "Èske nou se moun ki konn bato?"

Frè a te reponn : "Wi." Ou wè?

Mwen te di : " Se pa vre."

312- E mesye sa ki konn bato a te retounen. Li te di : " Map di w kisa pou fè." Li te di : " Yo renmen w. Yo kwè nan ou. Men," li te di, "si w eseye travèse nan bato pwisan sa, yo

pral eseye swiv ou nan kannòt sa. Toulède pral mouri, ou wè." Li te di : " yo pa kapab swiv ou."

Mwen te di : "Ebyen, kisa pou m fè?"

313- Mesye ki konn bato a kite sou waf la, te di : "Ou dwe retounen *laba a*." Li te di : "Gen yon sèl ti magazen ki nan tout peyi a, yon sèl ti magazen. Jis mete manje nan depo." Li te di : "yo pral rete isi a. Yo pral – yo pral rete isi a lè w – lè w ale. Men, li te di : "fòk ou mete anpil manje nan depo."

314- Mwen te kòmande tout kalite chou, navè ak radi ak lòt bagay, mete yo pa pil konsa. Apre sa je m te klè.

315- Mwen pat konnen kisa l te ye, men kounye a mwen konnen. Ou wè, frè m yo, n ap mete manje nan depo. Se yon vi nou dwe mache poukont nou.

316- Leo, ou sonje rèv ou te fè a, lè w te vin isi a premye fwa? [ Frè Mercier di : "Amèn." – Editè a] Sou piramid la, epi w te panse w te ka monte anlè a. Mwen te di : "Leo, pèsòn pa ka monte la. Se Bondye ki dwe mete yon nonm la. Ou te rive nan tout nivo ou te ka rive fizikman." Mwen te di : "Ou pa ka vin la Leo. Ou wè? Retounen anba. Jis di moun yo bagay sa soti nan Bondye." Ou wè? Ou wè?

317- Se yon bagay ou – ou pa ka konte sou li, menm si frè ak sè yo bon, ak legliz mwen an, ak tout bagay, menm si lòt legliz yo bon, ak frè yo, tout kote.

318- Kounye a, mwen pa ka rete lwen legliz deyò a. Gen yon moun ki di: "Ebyen, poukisa w soti ak moun sa yo, trinitè sa yo, tout sa yo, sa, epi lòt, ak inite sa yo, ak sa yo ki kwè nan Non Jezi a, ak tout lòt bagay yo ki la? Poukisa w melanje ak yo? Se pou mwen yo ye. Kèlkeswa sa yo fè, yo se pou mwen. Yo se chè mwen.

319- Lè Izrayèl te tèlman fè bagay ki pa bon, jouk Bondye te oblije di Moyiz, Li te di : "Separe w de yo. Mwen pral fè yon nouvo – nouvo tribi avè w."

320- Moyiz te lage kòl sou chemen an, li te reponn : "Pran m anvan w pran yo.

321- Kèlkeswa sa yo te fè, se pou yo, yo te voye m. Li voye yon Limyè, se pa pou L klere kote ki gen Limyè a. Kote ki gen fènwa, se la pou Limyè a ye. Nou dwe ale kote moun yo, nou dwe kanpe ak yo, malgre erè yo, nou dwe ak yo.

322- Izrayèl te nan erè osi nan erè ke posib. Yo te tèlman nan erè Bondye te abandone yo. Men, Moyiz, mwen te toujou mande m kijan sa te fè rive, men Lespri Kris la te nan Moyiz. Ou wè?

323- Nou wè, nou tout nou nan erè. Li te kanpe pou nou tout lè nou te nan erè.

324- Kèlkeswa jan yo nan erè, pa koupe fratènite a, pa separe nou avèk anyen. Toutotan nou kapab genyen yon nanm, ann avanse ak sa " Pridan tankou sèpan, senp tankou kolonb," ou wè, epi n ap eseye pou nou genyen chak nanm nou kapab.



325- Kounye a, se sa mwen t ap di nou maten an, se mete Manje nan depo. Mete Manje nan depo, pou nou ka gen Bagay pou nou manje, pou nou ka gen Bagay pou nou fè fèt. Al pran l sou bann/kasèt nou yo. Chita nan frechè nan chanm nou. Petèt, m ap gentan ale depi lontan, nou va toujou sonje ke bagay sa yo se verite. Chita nan chanm nou epi tande. Ou wè ? Kidonk sa se Manje, y ap sere, nan depo a. Mwen pa konn ki kote vwayaj la ap mennen nou, men kèlkeswa kote l mennen nou an, Li konn ki kote L ap dirije nou, mwen pa konnen, mwen sèlman ap swiv Li.

326- Bon, kisa Li di isit la kounye a ? Koute ak atansyon.

*Pou n fini, frè m yo, se pou nou fò nan Seyè a ak nan gwo pwisans Li.*

*... se pou nou fò ...nan gwo pwisans Li.*

*Mete sou nou tout zam Bondye yo, pou nou ka reziste kont tout riz dyab la.*

*Paske se pa kont lachè e san ke n ap goumen... tire boulèt, bay kout kouto, ou wè, se pa sa l ye.*

*... Men se kont teritwa ak prens, kont pouvwa, kont otorite k ap... otorite tenèb nan mond sa a,...*

327- "Otorite tenèb." Kiyès k ap dirije mond lan ? Dyab la. Se vre. Kiyès ki lakòz tout bagay sa yo k ap rive a, tout bagay enpi sa yo k ap rive nan mond lan, ak gouvènman sa yo, epi tout lòt bagay yo ? Se dyab la ki lakòz tout. Bib la te di sa. Dyab la kontwole Etazini. Dyab la kontwole Almay. Dyab la kontwole tout nasyon nan mond lan. M ap vin sou sa nan kèk minit epi nou pral wè si l fè sa, oubyen si l pa fè l. Si... Tout wayòm ki te janm egziste e ki pral egziste jiskaske Bondye enstale Wayòm Li a, yo kontwole pa dyab la.

328- Mwen pa vle di ke tout moun ki ladan l se demon, gen bon moun k ap sèvi Bondye ki nan biwo leta yo.

329- Gen youn ki pral vini isit la nan kèk nwit, dirèk isit la, pou l pase yon fim ak frè Arganbright, nan plas sa. Li te yon diplomat pou anviwon senk prezidan diferan, frè Rowe. Epi li se youn... L ap isit la... M panse se nan dezyèm semèn nan mwa davril la. Frè Neville pral anonse l. Epi li se youn nonm fòmidad.

330- Li te di ke li ta kab pale uit lang diferan, m kwè. Men lè li te resevwa Sentespri a, li pa t jwenn okenn lang pou l te pale ak Seyè a, alò Seyè a te ba l youn, li te di, konsa li te pale ak Li nan lang sa. Li ba li youn tou nèf, li pa t janm pratike. Trè byen.

*... Move lespri ki anlè a.*

*Se poutèt sa,...*

331- Koute kounye a, nou tout sòlda yo kounye a, jis anvan nou kòmanse liy lapriyè a.

*... pran nan... ak ou ( t – o – u – t ) tout ( se pa yon pati nan li ) ... tout zam Bondye yo, pou nou kapab reziste nan move jou yo...*

Se jou sa yo n ap viv la.

... *Aprè nou fè tout bagay pou nou kanpe djanm,*

*Kanpe djanm...*

332- Amèn. Ou konprann sa? Ou wè, ti cheri? Aprè ou fè tout sa w kab fè, pou kanpe djanm, alò kanpe djanm. Piga w bouje.

*Kanpe djanm, mare senti nou...*

333- Koute sa, koute isit la, Kisa sa ye : " Senti w." Se pati ki nan mitan an, *isit la*, ou wè.

... *antoure ak laverite...*

334- Kisa ki Laverite ? Pawòl Bondye a. Se sa. " Pawòl Ou se Laverite." Trè byen.

... *epi pote sou nou kiras jistis la.*

335- Sa vle di, "Fè sa ki dwat." Gen Pawòl Bondye a nan nou pandan n ap fè sa ki dwat. " kiras jistis la."

*Epi mete nan pye nou levanjil lapè a ;*

336- Ale nenpòt ki kote, nan nenpòt ki plas, a nenpòt kilè, mete nan pye nou Levanjil la. Ou wè ? Epi gade:

*Avan tout lòt, avan tout lòt bagay sa yo, pran boukliye lafwa a*

337- Se sa ki fè flèch yo tonbe, ou wè. " Boukliye lafwa a."

... *ki pral pèmèt nou pare tout flèch anflame mechan an.*

*Epi pran kas sali a,...*

338- Sa se nanm lan... lespri a – lespri a, *isit la*, tèt la ; kouvri tout tèt la.

... *epi – epi epe Lespri a, ki se Pawòl Bondye a.*

339- Kijan w pral kite kas sa, kisa l fè? Se yon pwoteksyon. Ak kisa yon kas fèt ? Ak eren. Eren an paka domaje; li di, li pi di pase fè. Kas an eren, (kisa?) Sali a, konsepsyon pou w konnen ke, "gerizon m soti nan Bondye. Sali mwen soti nan Bondye. Eksperyans mwen mache ak Pawòl Li a, pa ak lide legliz yo; Pawòl la! " Amèn. Se sa menm. Kouvri ak yon pwoteksyon, kas sali a, delivrans lan. Pran li, answit kontinye avanse. O, bon, kounye a se sa nou sipoze fè. Lame Satan an...

340- Kounye a gade, bon , nou...M ap fè vit, men mwen - mwen vle di sa.

341- Lame Satan pote maladi. Se sa Satan ye, li se yon destriktè. Satan, tout wayòm Satan se maladi, lanmò, epi chagren, fristrasyon, epi enkyetid, se tout sa l ye.

Bondye se Lavi, lafwa, lapè, bò *isit la*. Ou wè ?

342- Kounye a, sa yo se de gwo fòs k ap kontre ansanm kounye a. Yo nan goumen. Yo nan goumen kounye a menm nan asanble a. Y ap goumen ak nou jou aprè jou, chak fòs sa yo.

343- Satan, ap swiv nou tout tan, se gwo tonton, jeyan Golyat ki gen aparans wa, aparans moun legliz k ap eseye fè nou pè amò. Li nan dwa l, men Bondye...

344- Nou te fòtifye, amen, ak Levanjil la, ak Pawòl Verite a ki mare senti nou. Glwa ! Predikatè, se sa l ye. Kas sali a, boukliye lafwa a ; epi Epe a, n ap balanse l nan men nou! "Satan, m ap mache kontre w. Ou vini sou mwen nan non lasyans. W ap mache sou mwen nan non la-lakilti. W ap mache sou mwen nan non òganizasyon. W ap mache sou mwen nan non *sesi, sela, oswa* yon lòt bagay. Men m ap mache sou ou nan Non Letènèl Bondye Izrayèl la. M ap vin rankontre w. Retire kò w la. Menm lanmò p ap ka kanpe la. Fè yon twou ladann. Se sa.

345- Lame Satan pote maladi, men lame Bondye jwenn komisyon pou chase yo. Amèn. Se sa menm. Chak fwa Satan lage yon bagay, sou nou, lame Bondye sipoze chase l. Amèn. Chase l !

346- Se veritab teknik Bondye te itilize a. Satan te itilize lame destriksyon a, pou koze enkredilite nan Pawòl Bondye a, epi li te monte yon wayòm ki pi bon pase sa Michèl te genyen an, men Bondye te chase l.

347- Metòd Bondye a, se chase dyab la. Chase rezònman. Chase sipèstisyon. Chase enkyetid. Chase maladi. Chase peche. Amèn. Ou sou tèt li, reziste nan Kris Jezi ki chita nan Lye Selès yo, ak tout demon yo anba pye ou. Si li kòmanse foure tèt li ladan l, kisa...

348- Ou konnen, ou mouri. Lavi ou kache. Kisa *lanmò* ye ? Ou mouri ak sans ou yo. Ou mouri ak konsyans ou. Pwòp volonte antanke moun pral di, " Wi, mwen sipoze m..." mouri ak rezònman w yo. Mouri ak tout bagay sa yo. Epi ou antere nan Non JeziKris ; epi w resisite ak Li. Epi kèlkeswa kote Li ye, se la ou ye tou.

349- Kisa ki te rive lè yo, youn nan doutè sa yo, te rive nan Syèl la ? Bondye te mete l deyò. Epi kisa Li te di a sòlda yo ki te resisite nan Kris yo ? " Lè dyab la pwoche, mete l deyò. Chase l." Lè Jezi te antrene lame Li a, epi Li te ba yo komisyon pou jis fen mond lan, " Ale nan tout mond lan preche levanjil la ak tout kreyati. Sila ki kwè epi ki batize pral sove ; sila ki pa kwè pral kondane. Epi Siy sa yo pral swiv sa yo ki kwè, sòlda Mwen yo. Nan Non Mwen yo pral chase demon, pale nan lòt lang, si sèpan pike yo, oubyen si yo bwè pwazon, anyen mal pa p rive yo. Si yo lonje men sou malad yo, y ap geri.

Ann avan Sòlda Kreyen !

Ann mache nan batay la

Ak kwa Jezi a

Ki devan nou

350- " Mwen te krisifye ak Li, toutfwa m ap viv ; se pa mwen k ap viv, men se Li k ap viv nan mwen." Pawòl la prale devan, Bondye ap fè chemen, ak Epe Li a ki file debò.

351- Se konsa, pa etonan, lè Grant te pran Richmond, lè ti dam sa kite soti nan sid te wè Grant ap vini, yon enspirasyon te frape l. Epi li te di :

Je mwen yo te wè laglwa Seyè a k ap vini

L ap pilonnen vandanj kote rekòlt rezen kòlè Li a sere

Li te fann kout zeklè fatal sa ak Epe terib e rapid Li a

Twoup Li a ap mache devan

352- Amèn. Kijan Grant te pran Richmond ? Menm kote l te rive a. Amèn. Se konsa li te pran Richmond.

353- Se konsa sòlda Bondye yo pran peche, maladi ; menm kote yo vini an. Amèn. Se fason sa yo te pote viktwa sou dout yo, laperèz, ak lòt bagay yo. Lè youn leve, yo koupe l," Retire w sou wout mwen." O lala! Se sa. Bondye te chase yo, menm jan Li te fè nan Syèl la. Gran Kapitèn Anchèf nou an te montre nou kijan sa fèt. Amèn.

354- Roy Roberson ak frè Funk, anpil nan nou, pami ansyen veteran yo ki la a, nou konnen kisa yon veritab kapitèn ye.

355- Yon fwa mwen... ti sèvis ponpye Jeffersonville ki anba la a. Plas Pfau te pran dife. Sèvis ponpye Jeffersonville la te la, epi kapitèn nan t ap kouri sa ela t ap di : " Voye yon ti gout dlo la." "Pss – pss – pss," tankou yon ti bouch tiyo laba a. Men Claksville ki rive, " Voye yon ti gout dlo la." " pss – pss – pss." Batiman Pfau la te brile nèt.

356- Yo te rele Louisville. Men gason ki antrene yo rive. O gade sirèn yo a ki t ap sonnen nan tout vil la !

357- Sa se yon vrè kapitèn anchèf ki te la, sèvis ponpye sa yo, k ap di : " voye yon ti gout dlo anlè *isit la*, voye yon ti gout dlo anba bò *isit*." Gason ki pa antrene sa yo.

358- Frè, menm kote machin nan te kanpe a, kiyès kite nan tèt echèl la? Kapitèn nan. Lè echèl la t ap monte a, li te monte ak li. Lè li te kraze fenèt la, li pot ko rive nan fenèt la. Li te pran rach li a epi li voye l nan fenèt la, answit li te di : " vini mesye." Epi dife a te etèn nan kèlke minit. Yon kapitèn !

359- Se pa yon kapitèn k ap di : " voye yon ti gout dlo *isit la*. Eseye yon ti kras *isit la*."

360- Men, " vini mesye !" Amèn. Li dirije chemen an. Li te montre nou kijan sa te fèt.

361- Mwen te panse, " se yon sèvis ponpye ki byen antrene, yo te etèn dife a nan kèk minit." Poukisa ? Yo te genyen yon kapitèn kite konnen kisa l t ap fè.

362- Frè, pale de teyoloji w la jan w vle. De denominasyon w yo ke lèzòm fè, òganizasyon w yo. Jwe ak li.

Mwen genyen yon gwo Kapitèn Anchèf ki te di m kijan sa fèt.

Ou di: " Ebyen, si m te ka santi l, si m te ka touche l. O, sa pa gen sans !

363- *Isit la* se fason Kapitèn Anchèf la te di sa fèt, nan Lik chapit kat la. Mwen pa gen tan pou m li l. Na li l nou menm. Trè byen. Lik chapit kat, kòmanse nan premye vèsè a.

364- Li pat janm di : " Kounye a mwen pral di w. Ou prale bò *isit la* epi w ap fè yon gwo òganizasyon. W ap pran presbitè yo, ak dyak yo, epi, oubyen kadinal yo, ak yon evèk yo, epi w ap pran sa." Li pa janm di sa.

365- Lè Satan te rankontre L, li te di : " kounye a Ou grangou. Fè wòch sa yo tounen pen."

Li te di : " Li ekri..."

366- Li te di : " Monte isit la, nou pral pran W anlè a epi nou pral montre W yon bagay."

"Men, li ekri..."

" Mwen pral fè sa , si w fè li."

" Li ekri..."

367- Se konsa Kapitèn Anchèf la te di sa te fèt. Kijan sa fèt sè ? " Li ekri, 'si yo poze men sou malad yo, yo pral geri !'" Li ekri: " Nan Non mwen yo pral chase demon yo." Amèn. Kisa li ye? Li ekri! " Se lòd Kapitèn nan." Li ekri, moun ki tandè Pawòl Mwen epi ki kwè nan Sila kite voye Mwen nan, gen Lavi Etènèl. Li ekri ! Li ekri ! Li ekri !" Sa se – se lòd la. Se sòlda a. Se fason an. Sa se se gwo zam ke nou itilize yo.

368- Kisa li te fè ? Li te mache tou dwat, sou Golyat. Li te montre yon... kijan David te montre lame a kijan sa fèt ? Kijan yon David te montre Izrayèl kijan sa te fèt ? *David* vle di "byeneme, sovè." Ou wè ? Kijan David te fè l ? Li te di, " Men nan ki fason sa fèt. Gen konfyans nan Pawòl Bondye a."

369- Epi Golyat te soti laba a, li te di : "Ou konnen yon bagay ? Mwen pral pike w ak bout lans sa, epi mwen pral bay zwazo yo manje w."

370- Li te di, " W ap vin rankontre m tankou yon òganizasyon. W ap vin rankontre m tankou yon savan modèn. W ap vin rankontre m ak yon gwo epe katòz pye. Wap vin rankontre m ak yon kas ki fèt an eren, epi ak yon boukliye mwen pa menm ka leve. W ap vin rankontre m tankou yon sòlda antrene. W ap vin rankontre m ak doktora nan filozofi, ak yon mastè nan Dwa epi ak yon doktora nan Dwa. W ap vin rankontre m ak tout bagay sa yo. Men, mwen menm map vini nan Non Seyè a Bondye Izrayèl la, epi jodi a mwen pral koupe tèt w sou zepòl ou." Amèn. Ti piti marengwen sa a soti al atake jeyan sa, men li te konnen ki kote li te kanpe.

Pèp Izrayèl la, ki t ap tranble pa dèyè a te di : " O, pov ti konpè."

Golyat te di: " Mwen pral montre w kisa m pral fè. Epi men li k ap vini.

371- Li te genyen l – a – f – w – a, ou wè, n – a – n J – e – z – i, senk ti wòch, senk wòch. Yon ti wòch ladan l, pou kòmanse. Li vire l touwon konsa, Sentespri pran kontwòl ti wòch la, epi li vòltije ale. Golyat te tonbe atè. Se konsa sa te fèt.

372- Se konsa Jezi te pale, lè Li te di : " Kounye a, si nou menm frè yo ki pral sou chan batay la, si nou vle konnen kijan pou venk demon sa yo, Mwen pral montre nou kijan sa fèt."

373- Satan te di : " Mwen pral rankontre w." Golyat, " Mwen pral montre W kisa Mwen ka fè. Ou grangou. Si W se Pitit Bondye a, M ap ba W yon defi. Ou di W se Pitit Bondye a. M ap ba W yon defi. Si W se Pitit Bondye a, fè wòch sa yo tounen pen. Manje. Ou grangou. E si W se Pitit Bondye a, Ou gen pouvwa pou fè sa."

374- Li di : "Men li ekri, kounye a, 'lòm pa viv ak pen sèlman.'" O, se fason sa Kapitèn Anchèf lan te fè l.

Te monte avè Li sou tèt tanp lan. Li te di : " Si W lage tèt Ou anba, " li te di : " Ou konnen li ekri tou..."

375- Li te di, " Wi." Li te di : " Li ekri ankò, " Ou pa dwe tante Seyè Bondye w la." Ou wè kijan L te rele tèt Li ? " Seyè Bondye w la ." En-en." Ou pa dwe tante Seyè Bondye w la," li ekri ankò, konsa." Ou wè ? O lala !

376- Kisa Li te fè ? Li te pote vikwa sou li ak Pawòl Bondye a. Taktik dyab la se pou rive fè w pa kwè Pawòl Bondye a. Epi Kapitèn Anchèf la te di," Pran Pawòl Bondye a epi fè Li. Nan Non Mwen yo pral chase demon yo.

377- O, Satan, kapitèn anchèf yo a, o wi, nou konnen gen kèk nan denominasyon sa yo k ap eseye fè nou konprann li gen yon zago bèf, ou konnen, epi yon ke ki fann, ak tout lòt bagay yo. Pinga w kwè sa. Li pa konsa. Non mesye, frè. Li se yon rize. Pinga w kwè li gen sa. Yo jis ap fè nou pè. Se pa dyab la sa. Dyab la pa gen okenn zago pou kòmanse ; mwen gen dout sou sa anpil. Li se yon lespri. Dyab la se yon lespri. Li pa gen zago bèf ak lòt bagay yo, tankou y ap eseye desine l bannou a. Non, non.

378- Men, li saj, Frè, li se yon veritab nonm ki save, edike anpil, kite toujou gen sajès mond lan. O wi. Li bèl gason. Òganize lame li a ak sajès mond lan, frè, pa eseye – eseye pale pawòl pa ou. Ou dwe konnen kisa w pral di lè w rankontre ak youn nan nonm sa yo, k ap di : " Jou mirak yo pase." Non, li pa gen – li pa gen zago bèf. Li se, o, li se– li se– li apèn soti nan semine a. Li fò, frè. Mwen vle di , li entèlijan, doktora nan filizofi, doktora nan dwa. Q.U.S.T., ak tout rès yo. Ou wè. Nan tout bagay sa yo, li entèlijan o posib. Saj, sètènman, li se yon sèpan, li pi rize pase tout lòt yo. Tèt li byen penyen, frè, byen abiye, pa gen okenn fo pli sou vès li. Entèlijan, saj epi rize. Se sa.

379- Pa eseye fè diskisyon ak li sof si w konnen de kisa w ap pale. Se sa. O, men nou konnen ansyen – ansyen taktik li yo. Nou konnen kisa l ap eseye fè : fè nou pa kwè Pawòl Bondye a.

380- Li pa gen zago bèf. Non, non, non. Kounye a, nou dekouvri li pa gen zago bèf, alò li dwe yon lòt bagay. Li se yon rize. Li se yon moun ki gen sajès, ki save, òganize. Frè, li fè lame li a konsa.

381- Ann gade yon fwa nan peyi Laswis. Mwen jis paka jwenn yon kote pou m kanpe. Te genyen yon – yon ... Nan peyi Laswis, lame Alman an t ap vini, mar... li t ap vini ak etranje yo. Bon, se tankou yon mi ki fèt an briq; chak nèg byen antrene ak lans yo ki lonje konsa ki mezire uit oubyen dis pye. Epi yo te vini sou ti malere Swis yo laba a, kisa yo ta ka fè?

Yo te ame ak – ak la m pikwa a, baton epi wòch, epi yo te kanpe la. Yo te dèyè yo. Kay yo te lòt bò a sou ti mòn nan. Men lame Swis la ki soti pou rankontre yo. Yo pat fè anyen. Yo te jis vle antre pou pran tè yo.

382- Kisa timoun sa te fè, se yon timoun li ye ? Se Satan ki vle pran lavi l si l te kapab. Se vre. Li vle pran l anvan lè. Ou wè ?

383- Swis yo pa t fè anyen. Se yon bon pèp yo te ye. Yo t ap eseye defann kay yo, se pou sa yo te kanpe la pou yo defann tèt yo. Apre yon ti moman, te gen youn kite rele Arnold von Winkelried ki te nan lame Swis la tou. Men lame sa ki t ap vini. Li te di: " kisa nou pral fè?"

384- Yo te tout kote, yon lanmè gason ki te byen antrene. Se konsa Satan fè l. Yo te byen antrene, lans yo byen pwenti, chak nèg opa: en, de ; en, de ; yo t ap mache sou ti lame sa. Yo te jis – jis kontinye ap mache, se tout sa yo ka fè, epi pike chak nèg ak epe yo a. Lans yo a t ap travèse yo. Lame Swis la t ap tou fini la. Se tout sa li t ap rive. Anwo tèt mòn lan te gen kay yo ak byenneme yo. Yo ta pral vyole madanm yo ak pitit fi yo, epi touye timoun yo, boule kay yo ak lòt bagay, pran manje ak bèt yo, t ap disparèt . Se la yo te ye.

385- Kisa ki te rive ? Yon enspirasyon te frape youn kite rele Arnold von Winkelried. Li te di : " Pèp Laswis, jodi a m ap mouri pou Laswis." Amèn. "Jodi a m ap mouri pou Laswis."

Yo te di l : " Kisa w pral fè ?"

386- Li te reponn, " Jis swiv mwen epi goumen ak tout sa nou genyen." Li te kanpe la ; li te lage lans li a atè, li te genyen yon ti baton nan men l *konsa* , epi li te kriye byen fò ak men li anlè *konsa*, epi l te kouri sou yo, pandan l ap rele byen fò : " Wout pou libète !" Li kouri jiskaske li rive sou lame a, li te ranmase chak grenn lans ke li ta kapab, epi li te pike yo nan lestomak li *konsa*, epi l te mouri.

387- Li te di yo anvan li te pati. Li te di : " Gen yon ti kay pa lòt bò a, mwen gen yon madanm ak kèk timoun m ap kite, yon ti kay mwen fenk achte." Li te di : " Mwen – mwen renmen yo, men jodi a m ap mouri pou Laswis." Li bay ... Li te di : " M ap bay lavi m pou m sove nasyon an." E sete yon ewo. Yo pa t janm gen lagè depi lè sa a. Sa, sa te acheve li.

388- Sa te deroute lame sa a, avèk yon ewoyis konsa li te deplwaye, jiskaske pa t gen... la-lame a te tèlman konfonn. Swis yo te voye wòch sou yo, yo te kouri soti kite peyi a ; e yo pa janm retounen depi lè sa. Sa te rive depi santan pase. Ou wè ? Se te yon gwo aksyon.

389- Men, o, frè, yon jou, lè inyorans, sispèstisyon, dout, fristrasyon ak laperèz te kwense pèp Bondye a ; te gen Youn ki te rele Jezikris. "Jodi a Mwen mouri pou pèp la." Se vre.

390- Kisa l te di pou lame li a ? " Swiv mwen epi goumen ak tout sa ou genyen. Si w gen yon matrak, goumen ak matrak la. Pinga w pè. Ou gen yon baton, goumen ak baton an. Ou gen yon wòch, goumen ak wòch la, kèlkeswa sa w genyen an.

391- Se sa Kapitèn Anchèf nou an di jodi a. " Mwen te pran Pawòl Bondye a, e Mwen te venk dyab la ak pouvwa li a." Li te rache l an mòso , amèn, ak Pawòl la. Kounye a,

kèlkeswa sa w genyen an, si se yon sèl Pawòl ou genyen, " Seyè Bondye w la ki geri w," rache l. Swiv. Amèn. Swiv Kapitèn nou an. Wi mesye. Li te rache l.

392- Satan, ak gwo, bèl wayòm li yo, epi pi bèl bagay, elatriye, ki alamòd yo. Pa gen anyen afè avèk nou. Se vre. Li toujou rete sila ki pi rize pami bèt yo ki nan jaden an. Wi mesye. Jezi te di pitit mond sa pi saj pase pitit ki nan Wayòm Bondye a.

393- Kounye a, de gwo konfli sa yo. Nou pral... mwen pral... dwe fini. De gwo konfli sa yo ap rankontre ansanm kounye a . Kounye a se moman lè maladi ak lòt bagay te tonbe sou mond lan, opwen menm lasyans medikal pèplèks, pèsòn pèplèks. Pa gen anyen, epi – epi nou jis pral... E lame a, ti lame Bondye a te kwense epi tout bagay. Frè, li tan pou gen yon lòt Arnold von Winkelried. Li lè, li tan pou gen yon lòt sèvitè Bondye ki pou avanse. Li tan pou yon lòt Eli parèt. Li tan pou yon bagay pran plas.

394- Lame Bondye a, fèmen panse nou. Pinga kanpe yon minit, pou n panse ak okenn bagay dyab la ka ofri pa mwayen sans nou yo. Men sonje, Pawòl Bondye pa janm fayi.

395- De gwo lame sa yo ! Lè enmi an vini tankou yon gwo vag, menm jan li vini jodi a, kisa Bondye di Li va fè? " Lespri Bondye ap leve yon etanda kont li. " Éske w se youn nan yo? Wi, mesye.

396- Nou te aprann nan Jak 4:7... Mwen pa gen tan pou m li l. Jak 4 :7, " Reziste ak dyab la epi, li p ap jis ale pou kò l, men l ap kouri." Reziste ak dyab la." Kijan pou w reziste ak dyab la ? Menm fason Kapitèn Anchèf nou an te di nou pou nou fè l. Pran Pawòl Bondye a. Se konsa pou ou reziste ak dyab la, se ak Pawòl Bondye a. Kapitèn Anchèf lan te di nou kijan sa te fèt. Trè byen.

397- Kounye a, pandan m ap fini, mwen vle di sa. Vye dyab sa, kounye a, ou panse li efronte. Ou panse l pral atake yon timoun ? L ap atake nenpòt ki bagay. Li te atake Jezikri. Li te ale sou Li ak twa atak sovaj. Éske ou te konn sa? Satan pa t jis atake yon sèl fwa. L ap atake w ak yon maladi, epi l ap tounen pou l di w : " Jou mirak yo pase. Ou p ap ka geri. Pa gen anyen landan l." Ou konnen se vre ?

398- Li te atake Jezi twa fwa. Twa atak sovaj, li te kouri sou Jezi, ak enkredilite l nan Pawòl Bondye. Jezi te Pawòl Bondye a. Sètènman. Li pa t kwè sa. "Si W se... si W se." Men li vini isit la, atak sovaj yo, menm jan ak enmi an jodi a. Men yo vini isit la, yo te di : " Si W se Pitit Bondye a, montre m yon mirak. Kite m wè sa." Frè, li fonsè sou Li ak twa atak sovaj, " Si W... si W se..."

399- Kounye a, kisa Jezi te fè ? Jezi se te Pawòl Bondye a. Li te Pawòl la. Li te atake Pawòl la. Glwa ! Mwen – mwen jis kòmanse ... jis santi m byen pou m preche kounye a. Se vre. Jezi se Pawòl la." Nan kòmansman an se te Pawòl la, Pawòl la te avèk Bondye, Pawòl la te Bondye. Pawòl la te fèt chè, te demere..." Jezi se te Pawòl la. Kisa Li te fè ? Li te koupe l pakanpak. O lala! Mwen pral kite sa. Kisa Jezi te fè ? Li te Pawòl la. Alò, ak Pawòl la, Li te koupe Satan ak atak sovaj li yo. Li kouri tankou yon bann para-, yon sòlda fòs espesyal, oubyen yon bagay konsa, li kouri sou Jezi konsa. Epi Jezi te pran Pawòl la, answit Li rache l tikal pa tikal. Alelouya ! Se vre, Li te rache l tikal pa tikal, Li te venk li ak Pawòl la.

400- Ou wè atak li yo ? Obsève, koute byen, sa se fen an. Kisa atak li a ye ? Enkredilite nan Pawòl Bondye a, se sa atak li a ye. La a, èske w ka wè pi gwo batay ki te janm fèt



la? Genyen sèlman de fòs: Satan epi Bondye. Kisa zam Satan an ap ye kont ou? L ap eseye pou l fè nou pa kwè zam nou an. Pou l ka dezame nou. Ann – ann koute tou dousman kounye a. Koute. Si l ka fè w pa kwè Zam ou a egal, si l rive fè w kwè ke Zam ou an pa fò ase, li deja dezame ou.

401- O, frè Neville, m espere nou pa janm kwè sa.

402- Gade, li dezame w lè li rive fè ou pa kwè Zam sa a. Lè ou depoze L atè, batay nou an fini la, ou fini. Kenbe Zam sa a. Pinga w mete L atè. Nou wè enkredilite li a. Kite...

Yon bagay ankò mwen vle di kounye a, nan yon minit.

403- Larisi. Mwen vle di sa pou byen veteran yo isit la, elatriye, ak pou etidyan Labib yo. Pou tout lòt moun yo. Poukisa n ap ajite epi rele konsènan Larisi ? En! Nou pa tande m di nou bati yon kay antibonb, se pa vre ? Poukisa n ap ajite kont Larisi ? Larisi pa anyen. Yo pa pral genyen okenn lagè. Yo pa pral konkeri okenn mond. Kominis pa pral konkeri okenn mond. Sa k ap pase moun yo la a? Èske Pawòl Bondye a ka fayi?

404- Koute, li sou kasèt la kounye a. M ap pale ak tout moun ki nan mond lan, kèlkeswa kote band yo prale. Epi ak nou menm ki la a, kèlkeswa sa ki va rive m, nou dwe kwè sa.

405- Larisi, kominis, yo p ap konkeri anyen. Pawòl Bondye pa ka fayi. Se Womanis la ki pral konkeri mond lan.

406- Ann pran vizyon Danyèl, se Pawòl Bondye a. " Ou menm Danyèl..." Ou menm, O Wa Nebikadneza, se ou ki tèt an lò a," Babilòn. "Yon lòt wayòm ap vin apre w, ki va ajan," ou wè, ki te Mèd ak Pès. Lòt la te Lagrès, Alexandre Legrand. Apre sa Wòm te vini. Epi pa gen anyen ki te di sou kominis. Se Wòm ki pral konkeri mond lan.

407- Jezikris te fèt nan wayòm Women an, premye fwa L te vini an, Li te pèsekite pa wayòm Women an. Epi nan dezyèm Avènman Li a, k ap vini kounye a, Mesaj Li a pèsekite pa denominasyon women yo, ki se manman tout lòt yo. Lè Li retounen, Li pral tounen pou L aneyanti wayòm Women sa a, se sa jwif yo te toujou ap tann pou Li pou vini epi aneyanti wayòm Women an.

408- Otorite legliz Katolik la ak tout denominasyon yo ki nan mond lan, y ap rasanble kounye a nan yon òganizasyon, konfederasyon legliz yo pou òganize yo ansanm. Se pa Larisi. Se Wòm. SE ENSI DI LE SENYÉ. Wi. Montre m yon Ekriti kote kominis, oubyen yon lòt bagay apa Wòm, pral dirije.

409- Èske Mèd ak Pès yo pa t vini aprè Nebikadneza ? Wi. Èske Lagrès pa t vini apre yo ? Èske Wòm pa t ranplase yo? Èske li pa t divize an dis pwisans Ottoman jan nou genyen l kounye a ? Èske...

410-Èske *Eisenhower*, ki vle di " fè." *Khrushchev* vle di : " ajil," Èske yo pa t reyini isit la menm? Khrushchev te retire soulye nan pye l. [ Frè Branham frape sou chè a. – Editè a] pou montre trè klè, nan ouvèti a, li frape l sou biwo a, *konsa*, pou l montre moun yo. [Frè Branham frape sou chè a.

411- Bon, sa k ap pase moun yo jodi a ? kote lafwa nou te genyen an ? Poukisa nou pa kwè Pawòl Bondye se Laverite? Epi bagay sa pa isit la. Sa k ap pase predikatè yo jodi a? "Kominis!" Chak predikatè deyò a ap eseye konbat kominis. Kominis pa anyen!

412- Bagay la, dyab la ap balanse l dirèk anba nen ou, e ou pa wè sa. Se Womanis, denominasyonis. Epi Wòm se manman denominasyon yo. Bib la te di, "Li se yon pwostitye, pitit fi l yo fè pwostitasyon' kont Bondye, kont Pawòl Li a.

413- Sòlda, pran Pawòl la. Zanj mizerikòd, rete ak Pawòl sa. M ap mouri yon jou, men Pawòl sa pa ka mouri. E nou menm jèn yo, si l pa rive nan jenerasyon mwen an, nou va wè l. Se bagay la sa.

414- Èske nou te tande nouvèl la maten an ? Madan kennedy te ale wè pap la, e kisa pap la te di? Ou wè, tout relijyon ki nan mond lan ! O ! bon, petèt nou ka wè sa yon ti kras plis dimanch pwochen.

415- Ou wè, pinga nou bay tèt nou pwoblèm pou Larisi. Larisi se yon ti wòch nan sab ki sou plaj la. Pinga w enkyete w pou kominis. Obsève Womanis lè l ap ini li ak legliz yo. Pa gen anyen ki te ekri nan Bib la sou kominis k ap dirije mond lan.

416- E m ap mache ak Pawòl la. Pe enpòt ki kote lòt bagay yo ale. Se Pawòl la mwen kwè. Se Womanis la ki pran mond lan. Epi Womanis la se manman òganizasyon. Pat janm te genyen yon òganizasyon tankou Wòm, tout lòt yo soti ladann. Bib la di konsa : " Li se manman pwostitye yo." Mwen te ka rete sou li pandan mwatye nan yon jounen ankò, men mwen sipoze li preferab pou m kontinye.

417- Lè enmi an atake nou, alò, " O m ap di w, ou dwe vin jwenn nou..." Kisa nou pral fè? Retounen deyè, fè konpwomi? Pa yon veritab sòlda, li p ap fè l. Non mesye.

418- Kisa pou n fè lè sa? Lespri a, " Se pou lespri ki te nan Kris la... " Se pa sa Bib la te di ? " Lespri ki te nan Kris la abite nan nou." Kijan de lespri Li te genyen ? Rete ak Pawòl la. Se sa. Rete ak Pawòl la, Pawòl Papa a, epi konbat enmi an chak fwa. Kounye a lè enmi an atake epi ap eseye di ou dwe fè *sesi*, epi fè *se/a*, kisa ou pral fè ? Rete ak Pawòl la. Se sa.

419- Kisa ou vle lè sa? Pran Pawòl la. Kisa Pawòl la ye ? Bib la di isit la. N ap jis li l. Paske Lespri a, epi de Bondye, se Pawòl la. Ou wè ? Gade la. " Pran kas sali a ak Epe a, Epe Lespri a." Epe Lespri a ! Kisa? Lespri ki antre nan nou pa mwayen panse nou, epi Epe Lespri sa se Pawòl Bondye a.

420- Ak kisa Lespri a konbat ? Ak kisa Sentespri a konbat ? Ak sansasyon? Ak santiman? Pawòl la ; ak tou kè ! Waou ! Glwa ! Ak kisa Li konbat? Ak santiman ? Ak Pawòl la ! Pawòl la. Ann nou di l, Pawòl la ! Pawòl la. Se ak Pawòl Bondye a Lespri a konbat ?

421- Lespri Bondye ap mache tou dwat sou dyab la, e te di l : " Li ekri !" Amèn ! "Li ekri !" Epi dyab la rale kò l.

422- Kisa pou nou fè ? Pran Epe a, kise Pawòl Bondye a, tire l avèk ( kisa ?) yon men lafwa, men lafwa ki gen fòs, Epe ki file debò a. Bib la di nan Ebre 4, " Se – se yon Epe ki file debò," Ki fann alafwa lè li antre epi lè l ap sòti.

423- Frè, kisa l fè ? Pran Pawòl la. Pran Lespri a, kite Lespri a antre nan kè w. Ouvri panse w, di, "Pawòl Ou se verite." Kounye a, fè sa, sè. "Pawòl Ou se verite."

424- "Seyè, mwen pap fè atansyon a kijan m santi m, a sa nenpòt moun, sa mwen di. Mwen sispann, mwen rejte chak opsyon pa m yo, tout fristrasyon yo, ak dout, epi enkredilite m te janm genyen. Chak sansasyon m te janm genyen, tout maladi m te janm genyen, tout lòt bagay m te janm genyen, m rejte yo tout. M pase sou tou sa.. M vin tou dwat nan lespri pa m. O Seyè, desann. Ou di Ou te fè m ak lib abit mwen."

"Se sa w ye, pitit Mwen."

425- "Dakò, Mwen louvri kè m ak panse m. Antre, Seyè Jezi."

426- Epi sezi Lafwa a, Epe Lespri sa, ENSI DI SEYÈ A. Kriye, "Alelouya!" Amèn. Epi taye an pyès tout lènmi ki devan w. Amèn. Men ni. Taye an pyès tout lènmi. Si yon–yon vye lespri k ap fè pè fè w santi w tout... Taye an pyès bagay sa, ak Pawòl Seyè a.

Men fòs nou, se, "Jwa Seyè a se fòs mwen."

427- "Retire kò w sou mwen." Frape !! Taye l an pyès ak Pawòl la. Ke se demon, ke se lènmi an, ke se maladi, ke se afliksyon, kèlkeswa sa l ye a, pran Pawòl sa epi rale l ak Epe a. Epi si w frape l yon premye fwa, li pa sanble l ap bouje, frape l ankò, frape l ankò, frape l ankò. Epi frape l ankò jiskaske w fè yon twou atravè l, tankou yon ti poul k ap fè wout limenm pou soti; oswa yon èg, se sa ou ye. Fè wout ou oumenm drèt atravè vye kokiy maladi sa. Fè chemen pou soti, epi di, "Alelouya! Kote lòt la?" Amèn. Se sa batay la. Se sa yon sòlda. Se sa sòlda lakwa a. Wi, mesye. Elimine chak lènmi.

428- Poukisa? Poukisa? Noumenm, Semans Wayal predestine Abraham. Lè Abraham te nye tout bagay ki te kont Pawòl Bondye a, li te fè yon wout atravè chak obstak ki te vin devan l. Yo te di : "Madanm ou twò granmoun." Li jis te taye bagay la sot sou wout la. Dyab la te di: "Ou paka fè sesí. Ou paka fè *se*la." Abraham te taye l sot sou wout la. Li te frape l, epi frape l, jiskaske l te fè wout atravè li.

"Kote lòt la, Seyè ?"

429- "Monte tant ou anwo la." Li te monte epi li te bati yon lotèl pou Li anwo a.

430- Li te monte la, e Satan te vini, li te di, "Bon, m ap di ou, sa a se pa bon plas la."

" Map rete drèt la. Wete kò w sou teren m." Li te di, "Alelouya!"

431- Lo te di, " Li ta pibon si w desann la. N ap pase yon bon moman anba la. Nou gen tout òganizasyon nou yo anba la. Paske, madanm mwen se chèf sosyete literè ak lòt bagay ankò, nan vil la. Mwen di w, ou ta dwe desann vin la."

Sara te di, " Abraham..."

432- "Fèmen bouch ou Sara." Alelouya! "Rete drèt la. Se nan plas sa Bondye mete m. Isit la menm se kote m kanpe a."

433- Men kote Bondye mete m:

*Tout bagay pwoklame pwisans Non Jezi a!*

*Ke tout zanj pwostène;*

*Pote dyadèm wayal la,*

*E kouwone Li Seyè tout moun.*

*Sou Kris, Wòch solid la, mwen kanpe;*

*Tout lòt teren se sab mouvan,*

*Tout lòt teren se sab mouvan.*

434- Menm lanmò limenm, tout lòt bagay, se sab mouvan. Sou Kris, Wòch solid la, mwen kanpe.

435- "Semans Wayal Abraham nan." Semans wayal la! Enben, kò delit lame Anglè se la wayote Angletè, san wayal, se tout bagay. E Semans wayal Kris la se Legliz ranpli ak Sentespri a, ki te ranpli ak Sentespri a. Kisa ? Semans Wayal la, ak pwomès la, pa avèk sansasyon. Men ak pwomès Bondye a, yo kanpe ak Pawòl Bondye a, epi y ap freye chemen yo atravè sa, ap kriye, "Alelouya !"

Menm lanmò te vini pou l di: "L ap rive sou ou."

436- Li reponn: " Retire kò w, Jouden. M ap travèse." Freye chemen w dirèk atravè li, jiska Tè pwomiz la. Amèn.

437- Kisa ki rive Lè batay la te fini nèt? M ap fini kounye a. Lè batay la te fini nèt epi Sen yo te antre lakay, mwen vle mande nou yon bagay, kisa k te rive?

438- Kisa k te rive lè Hitler te antre nan peyi Lafrans ? Bon, yo te di ou patka menm wè syèl la, pandan yon moman, akoz de avyon yo. Alman yo t ap avanse tankou zwa. [Frè Branham imite pa zwa a—Editè a] Ou wè, yo te kanpe, t ap pase, ap selebre yon viktwa.

439- Lè Stalin t al nan peyi Larisi, pandan dè mil de distans dèyè , chak tank te yon tikras youn dèyè lòt, jis ap bonbade Berlin jiskaske anyen pat rete. Se tou. E Lè yo te ale, epi Alman sa yo... Sòlda ris yo t ap fete, yo te antre avèk sa, nou konnen, ti bagay komik yo konn fè a. Mwen te wè l yon fwa nan yon fim nan vil Londres, jan yo te antre, imaj reyèl bagay la, sa k te rive, pandan yo t ap antre, ap fete. O la la!

440- Lè nou te tandè gè a fini, nou te kriye, nou te soufle siflèt. Lè ewo yo te retounen, nou te rankontre yo anwo a la. Yo te kriye. Yo te kriye ak tout fòs yo. Mwen gen yon kouzen ki te la, li di, lè l te retounen, tout ansyen... Veteran yo te tèlman twomatize, yo pat menm ka leve kite kabann yo, konsa, yo te jis woule yo sou tèt bato a lè yo te antre, pou yo te ka wè Estati Libète a kanpe. Li te di, "Gwo mesye sa yo ki te kanpe la, yo jis t ap kriye, epi tonbe dwat konsa lè yo te wè Estati Libète a." Yo te byen lwen lakay yo pandan katran, ap goumen, chòk batay la, ak tout lòt bagay. Men yo te konnen madanm sa, epi cheri sa,

manman, papa, timoun yo, ak tout sila yo renmen, te jis dèyè Estati Libète sa. Li te reprezante sa yo t ap batay pou li a. O, souflèt yo te sifle, epi tout New-York te antre nan kriye a, se tou, lè ewo pa yo t ap mache antre. Sa va yon ti bagay piti.

441- Yon fwa lè Ceza, aprè yon gwo batay, te di, “Mwen vle pou sòlda m ki pi brav la ap mache bòkote m nan gwo seremoni triyonf sou lènmi nou. E Tout ofisye yo te netwaye dekorasyon yo, ak klere boukliye yo, pou ap mache, fason sa, ou konnen, tankou–tankou yon veritab sòlda fason sa. Apre yon ti moman, yon, yon vyep ti kanmarad te pwoche, ak sikatris. O la la! Li te jis leve tèt li gade, epi l te kòmanse, fason sa. Ceza te di: “tann yon minit. Tann yon minit. Ou menm,” ki pa menm abiye tankou yon–yon ofisye, li te di, “vin isit.” Li te di, “ki kote w pran sikatris sa yo ?”

Li te reponn, “Laba sou chan batay la.”

442- Li te di, “Monte la. Ou se moun mwen vle bò kote m nan.” Poukisa? Li te montre ke l t al nan batay.

443- O Bondye, gen mizèrikòd pou yon nonm ki ka koupe men l ak yon bwat sadin pou l gen yon pwomosyon. Mwen vle gen sikatris batay. Tankou Pòl di, “Mwen pote nan kò m sikatris Jezikri.” Se poutèt sa mwen vle sou teren batay la.

444- Yon jou, lè gwo Kapitèn Anchèf nou an va vini, Sila ki te bannou zam nan. Sila ki te ame nou an, ki te bannou boukliye Bondye a, Sentespri a, ki te bannou Pawòl Li pou n konbat la, kanpe la, lè gwo Kapitèn Anchèf nou an va vini, ap galope, mwen vle monte nan charyo a pou ap monte al lakay avèk Li. Ou pa ta renmen sa? Apresa lè m va pran ti madanm mwen nan men, fè yon koudèy la pou wè frè m yo ak madanm yo, ak pitit yo, lè nou va kòmanse mache desann nan paradi Bondye a, epi kantik zanj yo ranpli tout atmosfè a, anwo a konsa, w ap pale de yon seremoni!

445- Lè batay la fini, nou va pote kouwòn lan. O, lala! O, sòlda lakwa, maten an, etann bra lafwa sa deyò la, epi mete men sou Zam sa a.

446- Sa k rive a sa, sè, èske w prè? Soti Zam sa, di’ “Bondye, mwen pa fè ka de sa–sa dyab la te di m, kantite sa lòt moun te di, maten an, mwen kwè, mwen kwè.”

447- Jan m te di lòt jou a, yon ti...Mwen kwè kèk dimanch pase, gen yon nonm ki te fè yon sonj. Li te reve ke dyab la te yon ti bagay toupiti, li te fè va sou li. Li te fè, “Bou!” E misye te fè bak, dyab la te vin pi gwo. “Bou!” Li te rekile, e dyab la te vin pi gwo. Finalman, dyab la te vin menm gwo avè l, li te sou pwèn venk li. Li te konnen li te dwe konbat li ak yon bagay, kifè li te gade toutotou. Li patka jwenn anyen pou konbat li. Li te jis pran Bib la. E dyab la te fè, “Bou!” Li te reponn li, “Bou!” menm kote a, e dyab la te vin pi piti, pi piti, e pi piti. E, finalman, li te bat li amò ak Pawòl la.

448- Ou se yon sòlda, se pa vre, sè? Pran Pawòl sa epi di, “Li ekri.” Amèn. “Mwen pap mouri. M ap viv. M ap rete drèt nan tabènak saa pou louwe Bondye pou bonte Li, ak rès lòt yo.”

449- Nou kwè sa, lè sen? Amèn.

Annou koube tèt nou.

450- O Bondye Seyè, Kreyatè syèl ak tè a, ke yo konnen jodi a ke Ou se ankò Bondye. Pe enpòt jan m ta preche, kantite bagay m ta di, Seyè, yon Mo ki vin de Ou se regle.

451- Mouchwa sa yo ki etann la, reprezante moun malad. M priye, Pè Selès, ke benediksyon W ak pwisans Ou repoze sou yo chak, pandan m ap poze men m sou yo. Bondye, lan Non Jezikri, m priye ke W va wenn mouchwa sa yo ak sent Prezans Ou, paske sa ekri nan Pawòl la. Se pa anyen kontrè a Pawòl la. Men yo di nan Pawòl la, ke, “Yo te konn pran mouchwa ak lenj ki te touche kò Pòl. Movèz espri yo te soti kite moun yo, e yo te geri de diferant sòt de maladi.” Bon, nou pa Sen Pòl, men Ou toujou Bondye, e Ou toujou menm Sentespri a. Mwen poze men m sou mouchwa sa yo, lan Non Seyè Jezi, pou mande ke W beni epi geri yo chak.

452- E, Bondye, genyen etann la a nan yon kabann, etann isit la, anyen lòt ke yon timoun, jis yon bèl tipitit fi. Li pap viv, Seyè. Satan te fè l mechanste. E byeneme doktè sou tè sa te eseye fò, pa gen dout, pou te sove timoun lan. Yo senpleman paka fè l. Yo a bout souf yo. Yo pa konn anyen lòt pou yo fè. Men, Seyè, mwen sitèlman kontan ke gen yon lòt chapit ki ekri. Nou ka tounen yon lòt paj, e nan paj sa nou wè Gran Medsen an te vini. Nou envoke L pou bay konsèy maten an.

453- Kounye a, Seyè, èske sa pa ekri la nan Pawòl Ou a, ke, “Siy sa yo va swiv sa yo ki kwè?” Seyè, si m pa yon kwayan, fè m vin youn kounye a. Si ti pitit fi sa pa yon kwayan, fè l vin youn kounye a. “Siy sa yo va swiv sa yo ki kwè; si yo poze men yo sou malad, malad yo va geri.” Li ekri tou, “Lan Non pa M yo va chse demon.” Seyè, sa yo—sa yo se Pawòl Ou. Se pa W. Se Pawòl Ou. E kounye a antan ke sèvitè Ou...

454- Jan W te di a, “Si de ou twa lan nou rasanble ansanm, M ap nan mitan yo; e si nou mete nou dakò, sou yon bagay, pou mande l, nou va resevwa l.”

455- Bondye, timoun sa se pwobableman moun ki pi malad nan bilding lan maten an, paske li paka viv, trè lontan, san Ou, e li se sila ki pi malad la. Kidonk, nou tout, nou mete nou dakò, pandan ke chak sòlda kanpe la. E nan gwoup sa gen Semans wayal Abraham ki kanpe.

456- N ap mache sou Satan kounye a. E Satan ta fè byen prepare l pou al fè wout li, paske zam nou yo ap briye, tout koulè ap defile; gason kou fanm kenbe Epe yo, ap mache ann avan kounye sou ou, pou ti pitit fi sa a. Soti kite l, Satan. Kite timoun sa. Antan ke lame Bondye vivan an, nou lanse w defi. Kite l, lan Non Jezikri.

457- M pral poze men sou li. Epi, Satan, ou te lye timoun sa a, ou te fè mechanste sa a. Mwen konnen nou plis ke kapab anfas yon èt imen, men ou paka kanpe anfas Seyè m nan, kidonk mwen vin lan Non Li. Kite li, ou menm espri demon. Ou menm demon maladi, soti nan timoun sa a, ke l kapab ale lib, apati de jodi a. Mwen pwononse sa, lan Non Jezikri.

458- Kounye a, Bondye Seyè, Ou menm ki te resisite mò e ki te pwouve ke W te Bondye, resisite jenn fanm sa ak sante ak fòs ankò, pou l kapab leve kanpe nan bilding lan. Dyab la soti kite l!...?...li pral fè mye. Ke li viv pou lagwa ak lonè Bondye.

Sa—Sa te pwononse, kounye a ke sa fèt.

459- Èske gen lòt isit la ki vle leve men yo pou di, “Mwen vle yo priye pou mwen. Mwen malad. Mwen bezwen Bondye”? Mwen pa konn konbyen tan nou genyen. Nou gen ase tan pou n k kite moun sa yo pase la. Mwen jis santi m vrèman rekonfòte kounye a maten an. Ya. Ya. Mwen vle ke w vin isit la, Billy, epi jis petèt pran seksyon sa drèt la, sou bò kote sa a, sèlman. Jis kite seksyon sa vini dabò, answit n ap pran seksyon dèyè a apres, jis pou ap monte sou ranje sa la. Apre nou va jis pran yo konsa, e yo pa al...

460- E kounye a mwen vle Frè Neville ak kèk nan frè minis yo kanpe la bò kote m, drèt la, konsa nou ka pran yo dwat desann ranje a ankò. Dakò. Bon m ap...

460- E kounye a mwen vle frè Neville ak kèk frè predikatè kanpe la bò kote m, jis la a, nou ka pran yo nan èl anba a ankò. Byen. Dakò kounye a mwen...

461- Konbyen nan nou ki gen boukliye l sou li?

462- (Sa pral diferan kounye a. Al lakay, vin kòrèk kounye a, vin byen.)

463- Amèn. O, la la! Nou tout sòlda yo, soti Epe a. Soti Epe a, sòlda lakwa yo, ann avan, ann avan.

*Sou Kris, Woche solid la, mwen kanpe.*

*Tout lòt teren se sab mouvan.*

464- Dakò, avanse toudwat, desann dirèk sou bò sa la. Tout moun an priyè kounye a, pandan y ap pase la.

Lan Non Jezi, geri dam sa a. Amèn.

Soti Epe pa w kounye a. Rete dwat nan plas ou, ap kriye fò.

465- [Frè Branham kontinye ap priye pou moun yo, anpil nan pawòl li yo pa klè—Editè a]

*Annavan, sòlda Kretyen!*

*Ap vanse tankou nan lagè,*

*Ak lakwa Jezi a*

*Ki ap pran devan.*

466- Wete kò w, Satan! Sa k pase, sòlda yo? Nou pa panse ke nou ka konkeri? Li te deja konkeri. Nou plis ke viktorye nan Jezikri! Chak demon chase, tout lòt bagay. Amèn.

Vin isit, frè mwen...?...?

M priye ou va geri...?...?

Geri Doc, frè pa m nan; geri l Papa, lan Non Jezi.

Lan Non Jezikri, geri dam sa. Vini...?...?

467- Kounye a, li te pran...m te oblije mande frè yo ki dèyè a. Toupatou, Seyè a...?...

468- O Bondye Seyè, Kreyatè syèl ak tè a! O Bondye, Ou konn sa ki nan kè l. Ou konn tout bagay konsènan sa. M priye pou toude manman ak papa. Lan Non Jezikri, m remèt...?...

Lan Non Jezikri, mwen...?...

Lan Non Jezikri, mwen...?...

469- Bondye, akonpaye sè mwen. Nou konnen, ane yo kòmanse ap glise antre pou koz lanmò vle met men sou kò dam sa. Kounye a, lan Non Jezi...?...

470- Lan Non Jezikri, beni ti pitit fi sa a, Seyè. Konba nou nan lekòl la, mwen konnen pa kisa l ap pase. M priye ke W va beni. Ke l ka tire Epe sa, maten an, pou ap vanse devan!...?...Beni ti gason sa, Seyè; li vini, ap envoke Non W, maten an; m priye ke W va ale avèk...?...

471- Bondye, beni frè mwen, akòde l rekèt li a. Lan Non Seyè Jezi nou an, mwen pwononse l!...?...

Lan Non Jezikri, nou ofri priyè sa.

Lan Non Jezikri, nou ofri priyè sa.

Lan Non Jezikri , nou ofri priyè sa.

Lan Non Jezikri, nou...?...

Lan Non Jezikri, nou ofri priyè sa.

Lan Non Jezikri...?...

Lan Non Jezikri...?...

Lan Non Jezikri, geri frè mwen.

Lan Non Jezikri...?...

Lan Non Jezikri!

Lan Non Jezikri!

Lan Non Jezikri!

Lan Non Jezikri!

472- [ Yon moun di "Papa l mouri."—Editè a.] Bondye, ede l, lan Non Jezi.

Bondye, lan Non Jezikri, nou...?...

Bondye, lan Non Jezi



Lan Non Jezikri...?...

Lan Non Jezikri, geri frè mwen.

Lan Non Jezi...?...

Ou konprann kounye a?

O Bondye, ke sa elwye I de...?...

473- Lan Non Jezikri, nou priye!...?...Akòde a sè...?...

474- O Bondye, konsyan ke ti manman presye sa, ap pase atravè tout twoub sa, mwen priye, Bondye ke W va...?...sou li.

Soti Epe sa, Ed, epi avanse ann ava, lan Non Jezi.

475- O Bondye, geri fanm lan. Akòde rekèt nonm lan. Ke I pran Epe sa devan I, nan tan difikilte.

O Bondye...?...maten an. M priye ke W va...?...

476- Bondye Papa, mwen priye ke W va geri frè nou epi fè I ale byen. E lan Non Jezikri...?...

477- Bondye, m priye ke W ap geri sè nou, fè I ale byen, lan Non Jezikri.

478- Bondye Papa, m priye ke W ap—ap geri frè nou.

Geri sè nou, Seyè!...?...

Papa, lan Non Jezi, geri sila, sè nou, Papa.

479- Papa,...?...nou priye lan Non Jezi. Bondye, geri fanm sa.

O Bondye, m priye ke W...?...

480- O Bondye, beni I, Papa!...?...Ala nou renmen zanmi aje sa yo, Seyè. E m priye ke W va akòde rekèt li a!...?...

481- Papa nou ki nan Syèl, mwen priye ke frè m...?...O Bondye,...?...li, O Bondye...?...sòlda lakwa a. E li va tire Epe sa, matin an, pou mache annavan.

Bondye, nou...?...Akòde, O Seyè, rekèt pa I sa.

482- Bondye, beni frè...?...M priye ke W va geri I, Seyè!...?...Ba li dezi kè I, lan Non Jezikri.

483- O Pè Selès, ti minis Levanjil sa, gòj li...?...Kote I te konn lave chodyè...?...Bondye, m priye ke W va...?...E pandan ke gran lame Bondye a ap vanse annavan kounye a, ak Epe leve, ba I viktwa a, Seyè. Ti mari li ki isit la, Seyè, ki te kite kabann kote I te lonje ak kansè, ap mouri ak yon kansè, e doktè yo te abandone I, pandan I ta prale. E men li, matin an, yon ti sòlda lakwa. Fòtifye I, Seyè, pou sèvis Ou, nou priye, lan Non Jezi.

484- Mwen vle ti dam sa...Gen yon bagay ou yon lòt avèk ti predikatè sa isit la. Vin isit, Frè Kidd. Nonm sa te egzeyate sot lopital, sa senpleman pa gen lontan, li t ap mouri, ak kansè ki t ap devore l. [Sè Kidd di, "sa fè yon lane."] Sa fè ennan. ["de."] Sa fè dezan, ak pwostat. Doktè l te jis ba l kèk jou pou viv. E yon maten, nou te monte anwo la, trè to, nou te ofri yon priyè pou li, jis menm bagay la pou ou, e yo patka menm jwenn yon tras. Li te geri. Amèn. Li-li...["Te oblije admèt sa."] Li pran plis pwa kounye a ke li te janm fè l. Limenm ak ti madanm li yo te nan chan Levanjil la, petèt anvan m te fèt. Li isit la kounye a...[Frè Kidd di, "Senkann senkan."] Senkann senk lane. Anvan menm mwen te vin sou tè a, yo t ap preche Levanjil. E men li, geri, apeprè a laj de swasann kenzan, oswa ["Katreven ennan."] katreven en. ["Nou fèk gen yon revèy, yon de semèn reyinyon, ap preche chak swa."] De semèn revèy, jis fèk fè de semèn revèy, epi ap preche chak swa. Katreven ennan daj, geri, ak kansè, pandan li te aje.

485- Dakò, sè, se tou pa w kounye a. Ou kwè? Annavan, Sòlda Kretyen. Dakò, sè. Oumenm, nou chak, kisa nou pral fè? ENDI DI SEYÈ A. Kisa n ap fè, ap trennen la?

486- Satan, ou pèdi. N ap travèse kounye a. N ap mache travèse antre nan Tè pwomiz la. Kisa sa ye? "Kisa montay sa ye, devan Zowobabèl? Kiyès sa ye, ki kanpe devan la? Ou va vin yon plèn." Poukisa? Ak yon Epe debò, n ap taye l an pyès plat atè. Se sa. Dakò.

Annavan, sòlda Kretyen!

Ap vanse tankou nan lagè,

Avèk kwa Jezi a,

Ki pral devan nou;

Kris, ki Mèt wayòm nan,

Pral kontre lènmi; (Ak Pawòl Li.)

Annavan nan batay,

Gade, labanyè Li!

Annavan, sòlda Kretyen!

Vanse tankou nan lagè,

Avèk kwa Jezi a,

Ki pral devan nou

487- Alelouya! Kisa yo te fè? Premye bagay ki te konn devan, lè batay, pou Izrayèl, kisa ki te konn an premye? Sanba yo, te konn ale, an premye. Kisa ki te swiv? Lach la. Answit batay la. Dakò. Èske w kwè sa kounye a? N ap chante Annavan, Sòlda Kretyen. Nou ranvèse tout dout. Leve kanpe sou pye nou kounye a, n ap vanse nan batay la.

Annou kanpe kounye a, tout moun.

Annavan, sòlda Kretyen!

Ap vanse tankou nan lagè,  
Avèk kwa Jezi a,  
Ki pral devan nou;  
Kris, ki Mèt wayòm nan,  
Pral kontre lènmi;  
Kijan nou bat li? Ak Pawòl la.

Annavan nan batay la,  
Gade, labanyè Li!  
Annavan, sòlda Kreyen!  
Ap vanse tankou nan lagè,  
Avèk kwa Jezi a  
Ki pral devan nou.

Nou pa divize,  
Nou se yon sèl kò;  
Nou fè youn nan lespwa, nan Doktrin,  
Yon sèl nan lanmou.

488- Tout moun ki kwè kounye a di: "Amèn." [Asanble a di: "Amèn."—Editè a.] Alelouya !  
Nou kwè sa? Nou se konkeran. Kote tout enmi yo? Anba pye nou? Kisa nou ye jodi a?  
Resisite nan Kris?

489- Kounye a, se fini, sè. Ou kwè sa ? Rantre lakay ou kounye a. Ou santi w byen? Li di  
li santi l byen kounye a. Tout moun byen.

490- Konbyen moun ki deyò a ki santi yo bye? Lè yo te kriye, mi yo te tonbe, amenn,  
epi yo te pran l. Amèn. Yo te pran vil la. Amèn ! Amèn! Nou kwè Li?

491- Kounye a, pa bliye sèvis aswè a. Frè Neville ap la aswè a, pou pote pou nou yon bon  
mesaj. Epi dimanch, dimanch pwochen, si Seyè a vle, m ap isit la.

492- Kounye a, ann ale, pandan n ap bouje. E kounye a, deyò bilding lan, ann kite, ap  
chante, Annavan Sòlda Kreyen. Epi apati de jodi a, dezòmè pa janm mete Epe sa nan  
fouwo ankò. Soti l deyò. Ann konkeri. "Yo te ale, ap konkeri, e pou fè konkèt." Dakò,  
premye kouplè a, ankò.

Annavan, sòlda Kreyen!

Ap vanse tankou nan lagè,

Avèk kwa Jezi a

Ki pral devan nou.